


# VAHEBHERU,

## CHITSAUKO CHECHINOMWE <sup>1</sup>

 ...manheru, uye kunzwa Joyce achiimba. Manga muchizviziva here kuti ichocho chishamiso pachezvacho? Musikana mudiki iyeye, kuti angazvifunga sei zvese izvozvo? Uye manheru ega-ega anotipa chitsva. Kuti anozvifunga sei zvese izvozvo, chaizvoizvo ane pfungwa diki dzakatesva. Ishe varopafadze mwana iyeye.

<sup>2</sup> Zvino, mangwana, natwo-thirty, panzvimbo yevanoviga vafi muCharlestown, Indiana. Hanzvadzi yedu inodikanwa, yakaenda, Hanzvadzi Colvin, tinovapa ruremekedzo rwekupedzisira kwavari, pa—panzvimbo yevanoviga vafi uye nepaguva, mangwana masakati. Mumwe akamborarama sezvauri manheru ano, uye wadarika seri kwechidzitiro uko kwauchava pane imwe nguva. Uye vose vanoda kupinda mushumiro, haiwa, vanogamuchirwa kuuya. Zvirokwazvo ruchave rubatsiro rwakakura kumhuri yekwaColvin, kuchiva kuti tabhenakeri iri pano, uko kwavakaenda vose kuchechi kwenguva yakareba kwazvo, nezvimwe zvakadaro, vacha... Tingafara kuti muuyeko. Uye ndinofunga kuti...Hama yedu inodikanwa McKinney, avo vakaparidza pamariri emunin'ina wangu, makore mazhinji apfuura, ndivo vane chikamu chikuru chemariri acho, uye ndakumbirwa kuti ndiuye kuzovabatsira mu—mushumiro dzemariri.

<sup>3</sup> Zvino, ndanga ndangoti nonokei zvishoma, manheru ano. Ndanga ndine zvokuita zvizhinji kwazvo, handizive nzira yekuenda nayo. Pane nhare dzakawanda kwazvo, uye nekurovera uku netsaona, uye nevanhu vari kufona, vachiuya. Kusvikira, ndangobva kuLouisville, nguva shoma yapfuura, kuti ndidzoke kuno nekukurumidza, uye nokusiya nhare dzakawanda dzinonetesa chaizvo uye dzinofanira kuitwa, ndinofungidzira, zvisinei, manheru ano. Uye zvino tinyengeterereiwo patiri kufambira mberi.

<sup>4</sup> Uye mangwanani ano ini—ini handina kumbosvika kune chidzidzo changu—changu, kuchitsauko 7 cheBhuku ra—ra—raVaHebheru. Uye apo tiri kuvhura kwachiri, manheru ano, ndinoda kupa chiziviso chemusangano weHama Graham Snelling, kumusoro kutende kumusoro kuno, kunoperera Brigham Avenue. Kana Ishe vachitendera, ndinoda kudzoka manheru eChitatu. Uye ikoko ticharonga humwe husiku hwatichaenda kumusoro sechikwata, svondo rino imwe nguva, tichishanyira Hama Graham mumusangano. Uye ivo

ndivo...vanoti, “Vane chaunga chevanhu chakanaka.” Uye—uye vachakoshesa kuuya kwedu, parubatsiro urwu. Hama Graham Snelling, chero wenyu ari kuenda kumusangano, kana anoshuvira kudaro, unongori kumagumo kwaBrigham Avenue kumusoro kuno. Chero munhu anogona kukuudzai kwauri. Panoperera nhandare yemutambo chaipo, tende ndipo parakadzikwa. Vanokoshesa kushandira pamwe kwenyu. Nokuti, isu setabhenakeri takaita chitsidzo chekushandira pamwe navo, zvizere, saka tiri kuedza kubatsira.

<sup>5</sup> Zvino, zvino munguva pfupi iri kuuya tiri kusvika panzvimbo yekuti, Ishe vachitendera, kuchitsauko 11 chaVaHebheru, muhusiku hushoma, kana Mwari vachitendera, uye ikoko ndinofunga kuti tichava nenguva huru zvakare.

<sup>6</sup> Oo, Ishe vatiropafadza mangwanani ano nenzira inoshamisa, zvokuti Vadurura Mweya waVo pamusoro pedu! Uye zvino, manheru ano, tiri kuVatarisira kuti vazviite zvakare; uyezve Chitatu manheru, nekuenda mberi. Uye—uye husiku hwandisipo, Hama Neville vachange vari pano kuzozvitora ipapo chaipo, kana ndabuda.

<sup>7</sup> Handimbozive zvandichaita, unogona kunge uri pano nguva ino, uye imwe awa wodaidzwa kuCalifornia. Munoono, hauzivi kuti ndekupi Ishe vachatumira. Ndicho chikonzero zvakandiomera kuita hurongwa hwemafambiro uye ndichiti ticha—tichaita *zvakati nezvakati*. Ndinogona kutanga kuita chimwe chinhu, Ishe vonditumira kumwewo kunhu. Maona? Saka hatizivi chaizvo zvaVachaita. Asi, “Kana Ishe vachitendera,” tinozvitauro. Uye ndinofunga kuti takatumwa, kana kurairwa izvozvo, muBhaibheri, “Kana Ishe vachitendera, tichaita zvinhu *zvakati nezvakati*.” Saka kana tikasaita hurongwa hwatino... kana kuzadzisa hurongwa, tinonzwa kuti pamwe Ishe vainge vasingadi kuti zviitike.

<sup>8</sup> Rimwe zuva, takanga takamiswa, Hama Roberson naHama Wood neni. Uye isu taishaya kuti, “Sei?” Takagara ipapo, takatarisa pamepu, tichiuya zasi chaiko, uye takatyaira mamaira makumi mashanu tichidzokera kuchamhembe chaiko zvakare tiri munzira. Uye ndakanga ndichifamba mumugwagwa mukuru wacho kubvira ndiine makore angangoita gumi nemana ekuberekwa. Uye handitozivi kuti ndakambozviita sei. Takanga takamira ipapo, tose tiri vatatu. Tese takafamba mumigwagwa mikuru. Tichitarisa pamepu chaipo, tichiramba tiri pa130, tichiuya nemuIllinois, ndokuita kakukomuka kadiki, tisingacherechedzi kuti zuva rakanga riri shure kwedu pane kuti rive mberi kwedu. Takanga tichienda kuchamhembe panzvimbo yekumaodzanyemba. Uye chinhu chekutanga munoziva, ndokuyambuka nzira, ndikati, “Iyi haisiriyo nzira chaiyo.” Ndakatarisa zasi uko, uye ndikazoona kuti, taiva mamaira makumi mashanu kubva munzira. Takanga taenda tichidzokera...?...

<sup>9</sup> Zvino patakadzoka, ta—taitaura. Ndakati, “Munoziva kuti sei? Isu...Ishe vanogona kunge vatipfuudza nenzira ino, kuti tisaita tsaona yakaipisisa zasi kuno kune imwe nzvimbo, ingadai yaita chimwe chinhu zvichida. Tinoziva kuti zvinhu zvose zvinoshanda pamwe chete mukunaka kune avo vanoda Ishe. Ndizvo zvoga zvatinfanira kuramba takachengeta mupfungwa.”

<sup>10</sup> Zvino, manheru ano, tiri kutanga zvino pachidzidzo chidiki chekudzidzisa. Uye kana ndiri. . .Handifunge kuti tichadzika, pamwe tichazodaro manheru ano, kune. . .Ichi ndicho chitsauko chikuru chekudzidzisa pamusoro pekubhadhara chegumi, kuchechi. Uye chidzidzo chikuru, chatinokwanisa kugara pachiri kwemavhiki nemavhiki, pachinhu chimwe chete ichocho, kuti Abrahama akabhadhara sei chegumi kuna Merkizedheki, uye kuti zvakakosha here.

<sup>11</sup> Feni iyi iri kukanganisa here chero munhu kumashure uko? Ungada kuti idzimwe here? Kana iri kukanganisa chero ani zvake, ichifuridza kumeso kwavo, chero yemafeni acho. Kana zvirizvo, ingosimudzai maoko enyu. Uye, kana kuti ingotumira mumwe wemaasha, tumira mumwe munhu kuhama iri pano, inobva yakudzimira. Uye ndinoita sekuibvisa pandiri; Ndinotsva uye ndinotanga kudikitira, zvino, chinhu chekutanga munoziva, ndi—ndinoshoshoma. Saka, iri pauri, saka haizondikanganise chero nenzira ipi zvayo. Tinoda kuti muve makasununguka zvino.

Hatisi kuzoedza kutora nguva yenyu yakawandisa, asi tiri kuzongotarisa takananga muShoko. Uye tisati tazviita, ngatitaurei neMunyorori kwechinguvana.

<sup>12</sup> Zvino, Baba voKudenga, hatizivi kuti chii chakatimirira. Asi chinhu chimwe chete chatinoziva, uye nekugombederwa, kuti zvinhu zvakanaka zviripamberi pedu. Nokuti kwakanyorwa kuchinzi, “Ziso harina kuona, nenzeve haina kunzwa, kana kupinda mumoyo yavanhu, izvo Mwari zvavakavachengetera, avo vanoVada.”

<sup>13</sup> Uye tinonamata kuti MugoZarura mahwindo eKudenga manheru ano, emudura reNyu, uye mugotipa Shoko reNyu, chichava chimwe chinhu chakakodzera, chimwe chinhu chekuwedzera kutenda kwedu seMakristu, uye nekutiita kuti tiwedzere—tiwedzere kugadzikana paEvhangeri, kupfuura zvatanga tiri patapinda. Zviitei, Baba. Dai Mwewa Mutsvene watora Shoko raMwari woRisvitsa kumwoyo woga-woga sezvatinoshuva. MuZita raJesu, tinonamata, Mwanakomana weNyu anodikanwa. Amen.

<sup>14</sup> Zvino, mangwanani ano, mukusiya ndima yokupedzisira yechitsauko 6, kuti tigopinda chaimo mune yechi 7.

Umo anofanotitungamira akapinda, kunyangwe *Jesu, wakaitwa muprista mukuru nekusingaperi*, ari werudzi rwa *Merkizedheki*.

<sup>15</sup> Zvino tichaverenga ndima nhatu dzekutanga, kana kuti ndima mbiri dzekutanga, kana ndima nhatu dzekutanga, waro, dzechitsauko 7, kuti tigokwanisa kuchitanga pakarepo.

*Nekuti Merkizedheki uyu, mambo weSaremi, muprista waMwari wekumusoro-soro, wakasangana naAbrahama pakudzoka kwake andouraya madzimambo, akamuropafadza;*

*Kwaariwozve Abrahama wakamupa chegumi chezvole, (hecho chegumi chenyu); pakutanga nekududzirwa Mambo wokururama, . . . uyezve zvakare Mambo weSaremi, anova, Mambo werugare;*

*Asina baba, asina mai, asina dzinza, . . . kana kutanga. . . asina kana kutanga kwemazuva, kana kuguma kwehupenyu; asi akaitwa akafananidzwa noMwanakomana waMwari; anogara ari muprista nokusingaperi.*

<sup>16</sup> Chirevo chakaisvonakisa zvakadini! Zvino tichafanira kudzokera muTestamende Yakare, kuti tichere zvakakosha zvikuru izvi. Uye, oo, ndinozvida sei!

<sup>17</sup> Munoziva, kunze kuArizona, taisitsvaka zvicherwa zvakakosha. Zvino taipinda munzvimbo inotaridzika kuva yakakodzera, VaMc Anally neni. Uye taiona nzvimbo yayita sekunge, mumigero midiki, muine goronga diki, ravanodaidza kuti “zvakayeredzwa.” Zvino ini ndai. . . Vaindiendesa pasi vondiita kuti ndikwize jecha ndoti “whew,” ndorifuridza. Ndobva ndakwiza ndoti “whew,” ndorifuridza. Zvino ndakanga ndisingazivi kuti sei vaizviita izvozvo. Ndakazoon, munoon, kana uchifuridza jecha, rinoreruka. Uye zvole, kunyange mutobvu, wakareruka kupfuura ndarama. Ndarama inorema kupfuura mutobvu. Saka kana uchifuridza, mamwe masimbi ese nejecha netsvina zvinopeperetswa zvichienda, asi ndarama inoramba iri pasi. Nokudaro, kana uine zvakayeredzwa kubva kumusoro *kuno*, zvinoratidza kuti pane muhwezva hwendarama pane imwe nzvimbo kumusoro mukati ikoko. Mvura iyi yakayeredza tudimbu tudiki utwu kunze. Saka zvino tinotora mapiki nezvimwe zvakadaro, uye tochera chikomo chose, potse, tichiedza kutsvaga ndarama iyi. Toboora makomba muvhu, toacherera. Toisa dharameta, toriputitsira pasi. Toramba tichiputitsa mwena, tichidzika zasi kusvika tawana, kuwana bhandi racho guru. Zvino, ndiko kwatinodaidza kuti “kutsvaka zvicherwa zvakakosha.”

<sup>18</sup> Uye manheru ano tiri kuedza kutora Shoko raMwari, uye toRishandisa nesimba reMweya Mutsvene, kufuridza kwese kusava nehanyan’a uye nekupokana kuchibva kunesu, zvese izvo

zvidiki zvakareruka zvizere makushe izvo zvisitongorina kana nheyo zvayo, zvisina kana nehuremu muhupenyu hwedu, tinoda kuzvifuridzira kure zvese kuti tiwane Bhandi iri rakabwinyiswa. Bhandi iroro ndiKristu.

<sup>19</sup> Uye zvino dai Mwari vatibatsira patinoverenga nekunzvera muShoko raVo. Zvitsauko zvitatu zvekumashure, zvokupedzisira, potse, tanga tichitaura nezvekunzwa, apo neapo bedzi, Merkizedheki.

<sup>20</sup> Zvino, ndinofunga kuti Pauro anopa dudziro chaiyo.

*Nokuti Merkizedheki uyu, mambo weSaremi, . . .*

“Mambo weSaremi.” Uye chero mudzidzi weBhaibheri upi zvake anoziva kuti Saremi pakutanga yaimbove. . . .Jerusarema pakutanga yaimbodanwa kuti “Saremi.” Zvino Akanga ari Mambo weJerusarema. Mutarisei.

*. . .muprista waMwari wokumusoro-soro, (ndiye murevereri), wakasangana naAbrahama . . .*

Ndinoda kutora dzinza raKe, Murume mukuru uyu, kuti muzive kuti ndiYe Ani, kutanga, uye zvadaro imi. . . tichaenderera mberi nenyaya yacho.

*. . . achidzoka kundouraya madzimambo, akamuropafadza;*

*Kwaari . . . Abrahama akamupawo chegumi . . . pakutanga . . . nekududzira Mambo wokururama, . . .*

Zvino tarisai, “Kururama.” Zvino, tine kururama kwekuzviitira, tine kururama kwekutenda kwekabanga, tine kururama kwakatsveyamiswa, mhando dzose. Asi pane kururama kumwe chete kwemazvirokwazvo, uye kururama ikoko kunobva kuna Mwari. Zvino Murume uyu aive Mambo wekururama. Ko angave Ani?

<sup>21</sup> Zvino, Akanga ari Mambo wokururama, Mambo weJerusarema, Mambo wokururama, Mambo worugare. Jesu ainzi, “Muchinda worugare.” Uye muchinda mwanakomana wamambo. Saka, Murume uyu akanga ari Mambo worugare, saka Aitozofanira kuva Baba voMuchinda worugare. Mazvibata?

<sup>22</sup> Zvino ngationei, tiende nedzinza raKe mberi zvishoma, kuti tione kwatiri kuenda.

*Asina baba, . . .*

Zvino, Jesu akanga aina Baba. Munozvitenda here? Chokwadi Aiva akadaro.

*. . . asina amai, . . .*

Jesu aiva naamai. Asi Muchinda uyu akanga asina baba kana amai.

*. . . asina dzinza, . . .*

Haana kumbova kana nomumwe waAkabva paari, chero dzinza zvaro. Akagara aripo. “Asina dzinza.”

... *asina kutanga kwemazuwa*, . . .

Haana kumbova nenguva yaAkambotanga.

... *kana kuguma kwehupenyu*; . . .

Hazvaigona kuva chimwe chinhu kunze kwaMwari. Ndizvo zvoga zvaZvaingogona kuva.

<sup>23</sup> Zvino, kana mukacherechedza patiri kuverenga ndima inotevera. Maona? “Kutanga, zviri zvichidudzirwa, Mambo wokururama.” Handipo pandinoda kuita. Ndi—ndima 3:

... *kana kuguma kweupenyu; asi wakaitwa akafananidzwa neMwanakomana waMwari*; . . .

Zvino, Akanga asiri Mwanakomana waMwari, nokuti, dai Aiva Mwanakomana, Aiva nemavambo. Zvino Murume uyu akanga asina mavambo. Dai Aiva Mwanakomana, Aifanira kuva navose baba naamai. “Zvino Murume uyu akanga asina kana baba kana mai. Asi Akaitwa *akafananidzwa* neMwanakomana waMwari.”

... *anogara ari muprisita nokusingaperi*.

<sup>24</sup> Zvino, Chiremba Scofield vanoedza kutaura, kuti, “Hwaiva huprisita, hunonzi, ‘Huprisita hwaMerkizedheki.’”

Asi ndinogoda kukutorai pazviri kwemaminitsi mashoma chete. Dai hwaiva huprisita, saka hwaifanira kuva nemavambo, uye hwaifanira kuva nemagumo. Asi, “Uyu akanga asina mavambo kana magumo.” Uye haana kuti akasangana nehuprisita. Akasangana neMurume, ndokutumidza Zita raKe kuti “Merkizedheki.” Aive Munhu, kwete sangano, kwete hu—hu—huprisita kana hubaba. Akanga ari Murume zvemazvirokwazvo ane Zita rekuti Merkizedheki, aive Mambo weJerusarema. Kwete huprisita, asi Mambo asina baba. Huprisita hauna baba. “Zvino Murume uyu akanga asina baba, asina amai, asina mavambo amazuva kana kuguma kwoupenyu.” Zvino, Mwanakomana waMwari . . .

<sup>25</sup> Uyu waaiva, akanga ari Jehovha. Aive Mwari Samasimba pachaVo. Haangavi mumwewo.

<sup>26</sup> Zvino cherechedzai, “Anogara nokusingaperi.” Ane huchapupu pano, hwekuti, “Anorarama. Haambofi.” Haana kumbodaro. . . Haana kumbova chimwewo chinhu kunze kwekuva mupenyu. “Anogara nokusingaperi.”

<sup>27</sup> Zvino, Jesu akaitwa, akafananidzwa naYe. Zvino, chikonzero chekuti pane musiyano pakati paMwari naJesu: Jesu aiva nemavambo; Mwari havana kumbova nemavambo. Merkizedheki akanga asina mavambo, uye Jesu akanga aine mavambo. Asi Jesu akaitwa, akafananidzwa naYe. “Muprisita, anogara nokusingaperi.”

<sup>28</sup> Zvino, Merkizedheki paaiva panyika, Akanga asiri chimwe chinhu munyika asi Je—Jehovha Mwari vakaratidzwa nekusikwa, Aive pano setiyofani. Abrahama akasangana naYe kamwe, mutende rake. Uye sezvatataura mangwanani ano, “Abrahama akaMucherechedza. Uye Akaudza Abrahama zvaAizoita, nokuti Akanga asiri kuzosiya mugari wenhaka yenyika ari bofu kuzvinhu zvaAizoita.”

<sup>29</sup> Regai ndimbomira pano kweminiti, kuti nditi, Mwari vachine maonero mamwe chete pamusoro peChechi yaVo. Hamusi vana verima. Muri vana veChiedza. Uye...isu avo...“Vakaropafadzwa vanyoro, nokuti vachagara nhaka yenyika.” Uye ko vangadaro here Mwari, Vakaita kuna—kuna Abrahama, uyo aifanira kugara nhaka yenyika...Zvino Vakati, “Handizovanzira zvinhu izvi kumunhu achagara nhaka yenyika.” Achazarura zvakawedzerwa zvakadii zvakavanzika zvaKe kuChechi Yake ichagara nhaka yenyika!

<sup>30</sup> Dhanieri akati, “Nezuva iroro vachamhanya kwese-kwese, zivo ichawanda.” Uye akati, “Vakachenjera vachaziva Mwari wavo, nezuva iroro, uye vachaita mabasa makuru nezuva iroro. Asi vakaipa havazozivi Mwari woKudenga.” VanoMuziva muchimiro uye netsika, sezvatakaturwa nechidzidzo chedu chekutanga, asi havaMuzivi nenzira yokukwaniswa.

<sup>31</sup> Uye Mwari vanokwanisa bedzi kushanda kubudikidza nekukwaniswa, nokuti iVo vakakwana. Zita raVo ngarirumbidzwe! Rinofanira kunge riri gwara rakakwana rinoshandiswa naMwari, nokuti hapana chimwe chaVanogona kuita kunze kwekushanda kubudikidza nemune chakakwana. HaVakwanise kuzvisvibisa chero nenzira ipi zvayo. Uye zvakare ndosaka Jesu akauya kuzobvisa zvivi zvedu, kuti tigokwaniswa, kuti Mwari vagone kushanda kubudikidza nemuChechi yaVo. Ipapo ndipo pane chakavanzika chacho.

Ndipo apo nyika yakapofomara. Ndipo apo pavari kuda kutaura, kuti, “Wasikirwa nepfungwa dzako.” Ndipo apo pavanoda kuti, “Hauzive zvauro kutaura nezvazvo.”

Nokuti, “Zvinhu zvaShe hupenzi kuhuchenjeri hwenyika ino. Asi zvinhu zvenyika ndezvenyama kumutendi.” Saka, uri munhu akasiyana, uri kurarama mune chiyero chakasiyana. Iwe hauchisiri wenyika ino. Wapfuura kubva muhupenyu huno uchipinda muHupenyu hutsva.

<sup>32</sup> Naizvozvo, Mwari vanozarura, kwete kunyika, kwete kune nyanzvi yezve kushandisa pfungwa, kwete kuvashumiri vakadzidza, asi kune vakazvinipisa mumwoyo. Vanhu vake vanyoro, Vachazarura zvakavanzika zvezvinhu zvikuru zvaMwari, kwavari. Muri kuzviona here?

<sup>33</sup> Zvino, zvino, Abrahama aifanira kugara nhaka yenyika. Kuburikidza ne...Mbeu yaAbrahama marudzi ose akanga

achizoropafadzwa. Saka Mwari vakaburuka ndokutaura naye, vari muchimiro cheMunhu.

Zvino, Mwari vagara vari panyika. Mwari havana kumbobvira vakabva panyika. Kana Vakazobva panyika, handizivi kuti chii chaizoitika kwairi. Asi Mwari vakagara vari pano mune chimwe chimiro. Oo, ngarirumbidzwe Zita raVo!

<sup>34</sup> Vakanga vaine vana murenje, vachibuda kubva muEgipita, muchimiro cheChiedza. Vakataura naAbrahama vari muchimiro cheMunhu. Vakataura naMosesi vari muchimiro cheMunhu. Vakataura kuChechi vari muchimiro cheMunhu, Mwanakomana waVo, Kristu Jesu.

Uye Vari kutaura kubudikidza neChechi yaVo nhasi, kubudikidza neChechi yakazodzwa yaMwari mupenyu, kubudikidza nemidziyo yevhu. “Muri matavi. Ini ndiri Muzambiringa.” Mwari vachiri kutaura, uye nyika inoona Jesu sezvaunoMuratidza. Ndiwo maonero anoita nyika... “Muri tsamba dzakanyorwa, dzinoverengwa navanhu vose.” Hupenyu hwako hunotaura zvauri.

<sup>35</sup> Zvino, Abrahama uyu ari munzira yake, achidzokera. Tichadzokera uye toverenga nezvake kwenguva shoma-shoma, muBhuku raGenesi. Muchitsauko 14 chaGenesi, ndinotenda kuti ndicho. Oo, yakanaka sei nyaya iri pano! Zvino, tose tinoziva nezvaAbrahama, kuti Mwari vakamudana sei kuti abude munyika yevaKaradhea neguta reUri, uye vakamuudza kuti azvipatsanure kubva kune vawadzani vake.

Mwari vanodana varume kana vakadzi, Vanodanira kupatsanurwa.

<sup>36</sup> Zvino, ndiro dambudziko nemachechi nhasi, havadi kuzvipatsanura kubva pakutenda kwekare kwenya... vasingatendi. Ndicho chikonzero tisingagone kuenderera mberi. Tinongopinda mukuyerera kumwe chete ikoko kwenyama, uye ti—tinoti, “Oo, Jim muchinda akanaka, kana akanwa. Kana iye... Uye ndinoenda naye kunzvimbo yokutambira pool, asi ini handitambe pool. Ndi—ndi—ndinoenda naye uko kupati. Vanotaura majee ane tsvina, nezvimwe zvakadaro, asi ini handina kana chero andinotaura.”

<sup>37</sup> “Budai pakati pavo.” Ndizvozvo chaizvo. “Zvipatsanurei. Musabata zvinhu zvavo zvine tsvina, uye Ndichakugamuchirai,” ndizvo zvinotaura Jehovha. “Musabatanidzwa pamwe chete nevasingatendi, kubatanidzwa zvisina kufanira pamwe chete.” Musazviita. Zvipatsanure pachako.

<sup>38</sup> Zvino Mwari vakadana Abrahama kuti azvipatsanure kubva kuhama dzake dzose, uye kuti afambe naVo. Hama, dzimwe nguva zvinoreva kusiya chechi. Zvakareva kudaro kuna Pauro. Akatozosiya chechi yake. Zvakareva kudaro kune vakawanda. Dzimwe nguva zvinoreva kubva pamba. Dzimwe nguva zvinoreva kusiya baba naamai, nekusiya zvose.



Handirevi kutaura kuti zvinodaro nguva dzose, asi dzimwe nguva zvinodaro. Zvimoreva kuti unofanira kutora zvese zviri pakati pako naMwari, wofamba naVo wega. Oo, hurukuro iyoyo yakaropafadzwa, inotapira, kuyanana ikoko kwamunoita kana mazvipatsanura kubva kuzvinhu zvenyika nevatendi vari munyama vari kukusekai, uye wofamba wega naKristu!

<sup>39</sup> Kangani kandakatenda Mwari! Vakati, “Ndichakupai madzibaba navanaamai munyika ino yazvino. Ndichakupai shamwari nevawadzani. Uye haNdizombokusiyai, kana iNi kukurasai. Kunyange nyika yose ikakufuratirai, Ndichaenda nemi, kusvikira kumagumo enzira.”

<sup>40</sup> Mukana wakaropafadzwa zvakadini, wokuti munhu iyeye ane kupikiswa kwekuti atevere Ishe Jesu, ozvipatsanura kubva kuvawadzani vake vose vepanyama, kuti atevere Ishe! Uye kana chero munhu akaratidza kusazvibata chaizvo, uye nekuzviratidza seMakristu, asi achida zvinhu zvenyama, zvakakunakira kuti uvhime mumwe mubatidzani pakare ipapo. Ndizvozvo chaizvo. Uye kana pasina munhu achafamba newe, aripo Mumwe akavimbisa kufamba newe. Ndivo, Ishe Jesu vakaropafadzwa, Vachafamba newe.

<sup>41</sup> Mwari vakaudza Abrahamu kuti, “Zvipatsanure pachako.” Zvino sekungovawo munhu sekwaive Abrahamu, akatora akaendawo nababa vake, akatora mwanakomana womunin’ina wake, mwana kwaari; vese vakaremba paari. Zvino Mwari havana kumbomuropafadza kusvikira aita zvaakaudzwa naMwari kuti aite.

<sup>42</sup> Handisi kuti hausi Mukristu. Izvozvo, handina chero wandinoti haasi Mukristu. Asi ndichataura izvi, kuti kana Mwari vakakuudza chimwe chinhu chekuita, haVambokuropafadze kusvikira wachiita. Ndiri papurupiti manheru ano nechimwe chezvinhu izvozvo chakaremba pamusoro pangu. Misangano yangu haina kuva sezvayaifanira kunge iri, kwemakore maviri apfuura. Imhaka yekuti ndakundika Ishe. Vakandiudza kuti, “Enda kuAfrica, uye tevere kuIndia.” Hezvinoi izvi, zvakanyorwa ipo pano, seri kweBhuku rino, iko zvino.

<sup>43</sup> Maneja akandifonera, akati, “Siyana nemaAfrikaans. India yakagadzirira.”

<sup>44</sup> Mweya Mutsvene wakasangana neni, ukati, “Uchaenda kuAfrica sezvaNdakakuudza kuti uite.”

<sup>45</sup> Zvino rimwe gore rakapfuura. Uye mamaneja... NdakaZvikanganwa. Akati, “Tiri kuenda kuIndia. Matikiti atova pano.”

<sup>46</sup> Ndakatanga kuenda, ndokuZvikanganwa kusvikira ndasvika kuLisbon. Humwe husiku, uhwo, ndakafunga kuti ndakanga ndava kufa. Mangwanani aitevera ndakatanga, kuenda kukamuri yekugezera, kunogeza. Oo, ndairwara chaizvo,

ndaitotadza kusimuka. Ipapo, Chiedza chiya chakarembera ipapo mukamuri yekugezera, ndokuti, “Ndakafunga kuti Ndakakuudza kuti, ‘Enda kuAfrica, kutanga.’”

<sup>47</sup> Misangano yangu yanga ichikundikana zvishoma nezvishoma kubva panguva iyoyo. Kunyangwe ndakaenda kuIndia, nevanosvika hafu yemiriyoni vakamirapo, asi kwakanga kusiri kuita zvakataurwa naMwari kuti ndiite. Ndinonzwa kuti misangano yangu haizombobudiriri kusvikira ndatonyatsodzokera ndonogadzirisira chinhu ichocho. Hazvinei nokuti ndinoita sei, iAfrica, kutanga, nokuti unofanira kuzviita. Hapo parere Shoko raMwari roKusingaperi, rirere apo. Ndaiziva zviri nani pane izvozvo. Asi ndinofanira kudzokera. Uye ndinonzwa kuti gore rino riri kuuya ndiyo nguva yandichakambaira kubva muchikoko, nerubatsiro rwaShe.

<sup>48</sup> Vhangeri rino rakabwinyiswa, rakare rakanga richikura zviri nyore, semuti wemuoki, asi ndinotenda kuti rave kuda kugadzirira kutambanudza matavi aro zvino. Ndinozvutenda, Mharidzo huru iyi uye nechinhu chikuru, ndinotenda kuti Ishe vachatitendera kuzunguza pasi rose zvakare kuitira mbiri yaMwari.

<sup>49</sup> Unofanira kuita zvawakaudzwa naMwari kuti uite. Zvino Abrahama akapfuurira mberi chaiko, akatora hama dzake pamwe naye. Aivada. Ndicho chikamu chemunhu. Asi mushure mechinguva, gare-gare, baba vake vakafa zvino akavaviga. Akabva ava nemwana wemunin’ina wake, ndokubva kupopotdzana nekukakavadzana zvauya. Zvino, pakupedzisira, Roti akatora sarudzo yake ndokuenda zasi muSodhoma. Uye munocherechedza Abrahama, haana kukakavadzana naRoti. Akati, “Tiri hama. Hatifaniri kuitirana nharo. Asi iwe simudza musoro wako uye uende chero nenzira yaunoda kuenda. Kana ukaenda kumabvazuva, ini ndichaenda kumadokero. Ukaenda kuchamhembe, ndichaenda kumaodzanyemba.” Ndiwo maonero eChikristu, kuva nechido chekupa mumwe munhu zvakanyakisa zvacho zvemuchibvumirano. Gara uchizvipa kwaari, rega iye atore sarudzo yake.

<sup>50</sup> Nokuti sei? Chii chakaita kuti Abrahama azviite? Aiziva kuti akanga avimbiswa naMwari kuti aizogara nhaka yechinhu chacho chose, zvisinei. Amen. Saka, zvino, tende kana kamba kadiki, toitireiko hanyn’a nazvo? Chinhu chacho chose ndechedu. “Vakaropafadzwa vanyoro nekuti vachagara nhaka yenyika.” Zvose ndezvedu. Mwari vakadaro. Saka ipa munhu zvakanyakisisa zvepasarudzo, kana achida. Zvichida ndizvo zvega zvaachawana. Asi zvose ndezvenyu, vadyi venhaka yoruponeso kubudikidza nevimbiso. Zvose ndezvenyu.

<sup>51</sup> Saka, Sara, mukadzi akanakisa kwazvo munyika, akagara kumusoro uko mujinga mechikomo nemurume wake

sezvaaifanira kuita. Ari zvaari, saka, anogona kunge akapfeka madhirezi amazuva ese emubvaradhongi, kana chero zvaunoda kuridana. Ukuwo, Mai Roti vakapfeka kunge muzvina miriyoni. Uye murume wavo akanga ari meya weguta. Akanga ari mutongi aigara pagedhi. Vakanga vaine zvose; vachienda kumakirabhu ose ekusona nemapati emakasa ayo aitwa muSodhoma neGomora. Asi Sara akafara kugara nemurume wake nemuhoro mushoma, uye achiziva kuti aive mukuda kwaMwari, pane kufadzwa nepfuma ye, kana, mafaro epfuma kwechinguvana. Ndizvozvvo. Ndipo Mwari pavanoshanya.

<sup>52</sup> Zvino rimwe zuva, iwe, sechokwadi paunotora nzira isiri iyo, zvichakuwana chete rimwe zuva. Unogona kufunga kuti uchange wakaringana. Unogona kufunga kuti uri kubudirira, asi hausi. Zvinogona kuita sekunge zvakafukidzwa zvese, asi hazvina kufukidzwa. Mwari vanoziva zvinhu zvose. Vanoziva kana uri kurevesa chaizvoizvo kupupura kwako kana kuti kwete. Vanoziva kana uri kurevesa chaizvo kuti unoVatenda uye wakaponeswa, uye wakaVagamuchira, uye wakafa kuzvinhu zvenyika, uye uri mupenyu muna Kristu. Vanozviziva.

<sup>53</sup> Zvino, tinocherechedza Abrahamama, ndinoda kuti mucherechedze mweya chaiwo uyu. Oo, chinhu chose chakaropafadzwa chiri pano inyasha. Ndinoda kuti muverenge pamwe neni zvino kubva muchitsauko 14 chaEksodho, kwechinguvana.

<sup>54</sup> Zvino, chinhu chekutanga chakaitika pavakasvika zasi ikoko, Roti akapinda mudambudziko. Sei? Aive kunze kwekuda kwaMwari. Uye kana ukapinda mudambudziko kana uri mukuda kwaMwari, Mwari vanokubatsira kubudamo. Asi kana uri mudambudziko, uri kunze kwekuda kwaMwari, pane chinhu chimwe chete chekuita, dzokera mukuda kwaMwari zvakare.

<sup>55</sup> Zvino, madzimambo ose akaungana pamwe chete, uye vakaona kuti mapani zasi ikoko akanga aine mvura zhinji, uye vaizongodzika zasi votora kaSodhoma kadiki kakare aka, Gomora, voitora. Zvino vakazviita. Zvino pavakadzika vakanoitora, vakatora Roti pamwe navo.

<sup>56</sup> Ndinoda kuti mucherechedze Mweya waKristu pano muna Abrahamama. Zvino cherechedzai ndima 14.

*Zvino Abrahamama wakati achinzwa kuti hama yake . . . (Mazvibata?) . . . hama yake yakatapwa, akapa zvombo kuvaranda vake vakanga vadzidziswa, vakazvarwa mumba make chaimo, mazana matatu negumi navasere, akavatevera kusvikira paDhani.*

<sup>57</sup> Oo, ipfungwa yakaropafadzwa zvakadini yenyasha! Abrahamama, apo hama yake, kunyange yakange yawa kubva panyasha, kunyange zvazvo akanga ari muchinhano chokudzokera shure, wakati anzwa kuti nyika yakanga yamubata, uye yakanga yamutapa uye ndokuenda naye,

kunomuuraya, Abrahama akaita noMweya waKristu. Akauya akapa zvombo kuvarume vake vose vakanga vazvarirwa mumba make, akavatevera, akavatevera nzira yose kusvika kuDhani. Uye Dhani ndiyo iri kumagumo ekumusoro kweParastina, “Dhani kusvikira paBheeri-shebha,” kubva kuno rumwe rutivi kusvika kune rumwe. Uye mufananidzo waKristu, paAkaona kuti nyika yakanga yatora...yaive yawa, kuti Akatevera muvengi kusvikira kumagumo, kuti agamuchire zvakare rudzi rwakawa rwaAdhamu.

<sup>58</sup> Ndinoda kuti mucherechedze ndima inotevera, kutapira kwakadini pano kunoita Mweya uchitaura kubudikidza naye. Zvakanaka, ndima 15 zvino.

*Zvino akadzosa pfuma yose (yose), uye akadzosawo zvakare hama yake Roti, nepfuma yake, navakadziwo zvakare, navanhu.*

<sup>59</sup> Abrahama paakatevera muvengi akange atora hama yake, akamutevera nzira yose achidimbura nemunyika mose, kusvika kuDhani, akadzosazve zvinhu zvose zvaakanga arasikirwa nazvo mukuwa.

<sup>60</sup> Mufananidzo wakanaka sei waKristu, Akanzwa kubva Kudenga kuti tainge tarasika uye akauya akatevera muvengi, nzira yose kusvika kugehena, ndokutora mweya yakarasika uye akatidzosa nekudzoreredza kwatiri zvinhu zvose zvataiva nazvo tisati tawa! Isu, vakadzokera shure, isu takaberekwa kuti tive vanakomana vaMwari, takatsveyamiswa kuva vanakomana vadhiyabhore, uye tikaitwa...tikatevera zvinhu zvenyika, nekuita zvisizvo, uye tikamhanya nehudyire sezvakaita Roti, tichitengesha hudangwe hwedu uye tichitevera zvinhu zvenyika. Kristu akaburuka. Kunyange takawa; Mwari, vachiziva kubva pakutanga kuti ndiani aizoponeswa uye kuti ndiani aisazoponeswa, naizvozvo akaburuka ndokutevera muvengi nemuhupenyu, nemurufu, nemuparadhiso, ndokupina mugehena. Uye nzira yose kubva muKubwinya kusvika mugehena, uye ndokutora ma—masimba egehena, nemakiyi kubva kuna dhiyabhore, uye akamuka zvakare, akadzorera kuvanhu, kuti vagove vanakomana nevanasikana vaMwari zvakare.

<sup>61</sup> Munoono Mweya uri muna Abrahama apo, Mweya waKristu uchiuya naye?

<sup>62</sup> Zvino ndinoda kuti mucherechedze mberi zvisihoma, patinoverenga.

*Zvino Mambo weSodhoma akabuda kundosangana naye mushure mokunge adzoka pakuuraya mambo uyu Kedhoriromeri, ne...madzimambo...akange anaye, mumupata weShavhe, novava mupata wamambo.*

<sup>63</sup> Vakabuda. Mambo weSodhoma akadzoswa. Hama yake ikadzoswa. Vana vakadzoswa. Zvino hepanoi pakabuda

madzimambo kundosangana naye. Uye, zvakare, pano ndipo pandiri kuda kusvika, mharidzo zvino. Tarisai pano.

Zvino—zvino *Merkizedheki, mambo weSaremi* (Mambo weJerusarema, Mambo worugare) *akauya nechingwa newaini: uye akanga ari muprista waMwari wokumusoro-soro.*

Zvino *akamuropafadza, uye akati, Ngaaropafadzwe* Abrahama *naMwari* wekumusoro-soro, *muridzi wematenga nepasi:*

64 *Merkizedheki, Mambo weSaremi, zvakarewo* akaZvimiririrawo pakati pemamwe madzimambo. Uye cherechedzai, hondo yakanga yapera, Mweya waMwari muna Abrahama, waKristu, wakanga wadzosa hama yake yakawa, ndokubva amudzoreredza kuchinhano chake chakafanira, kune zvose zvaakanga arasikirwa nazvo. Akanga azvidzosa. Uye paakazviita, Akaunza chingwa newaini, chirairo. Hamuoni here kuti Merkizedheki uya aive ani? Aiva Mwari. Akaunza chirairo, mushure mehondo.

65 Zvino ngativhurei zvakare, kuna Mateo 26:26, nokukasika chaiko, uye tione zvakataurwa naJesu pano pamusoro pazvo. MuBhuku raMateo, chitsauko 26 uyewo ndima 26, tinoda kuverenga zvisroma-shoma pano. Zvakanaka, Mateo 26:26.

*Zvino Jesu wakasvika navo panzvimbo inonzi Gorogota, Gorogota, kana kuti, Getsemani, (ndinoreva kudaro,) uye akati kuvadzidzi vake, Garai pano, ini ndichaenda uko kundonyengetera.*

66 Ndinotenda kuti ndatora Gwaro risiri iro. Mateo, makumi maviri- . . . ndima 26 yechitsauko 26. Kana mumwe munhu anayo, ndiverengereiwo, kana u—kana ukagona kuiwana. Mirai zvisroma. Uyu mufananidzo wakanaka pano. Handidi kuti muupotse. Hepanoi patiri. Ndiro rinapo, hanzvadzi.

*Zvino vakati vodya, Jesu akatora chingwa, akachiropafadza, . . .*

Chaiva chii? Hondo yakanga yapera.

*. . . akachimedura, ndokupa vadzidzi vake, uye akati, Torai, uye mudye; uyu ndiwo muviri wangu.*

67 Munoono Merkizedheki uya? Mazana emakore kumashure, paAkasangana naAbrahama, mushure mekunge hondo yapera, Akapa chingwa newaini. Zvino pano Jesu anopa vadzidzi, mushure mokunge hondo yaKe yakaoma yapera, Akavapa chingwa newaini. Tarisai. Tarisai Kuuya kweramangwana.

*Zvino akatora mukombe, uye—uye akavonga, akaupa kwavari, achiti, Inwai yose;*

*Nekuti iri iropa rangu iro resungano itsva, rakadeurirwa . . . zvivi nokuregererwa kwezvivi.*

*Asi ndinoti kwamuri, Handichatongonwizve  
zvibereko zvemuzambiringa, kusvikira zuva iro  
randichazonwa nemi zvava zvitsa muhushe hwaBaba  
vangu.*

<sup>68</sup> Tiri muhondo zvino. Tiri kutevera hama yedu yakawa, iyo Mwari, nyika isati yavambwa, vakaona uye vakafanotemera kuHupenyu Husingaperi. Uye zvinhu zvenyika zvaita kuti abatwe muchamupupuri. Ari kunze mumasosaiti nemapoka evakabudirira, iye nemukadzi wake, vachifamba vachikwira nekudzika mumigwagwa, vachiputa nekunwa nekuraradza, vachiedza kuwana rugare. Zvino Mweya waKristu uri matiri, sezvaWaizova muna Abrahamama, takamutevera. Nezvombo zvose zvokurwa nazvo zvaMwari, Ngirozi dzaMwari dzakakomberedza, taenda kunodzosa hama yedu yakawa.

<sup>69</sup> Zvino kana hondo ichinge yazopera, tichasangana naMerkizedheki zvakare, Mwari ngavarumbidzwe, Vakaropafadza Abrahamama ipapo, uye vakamupa ropafadzo, uye vakamupa chingwa newaini, chirairo. Uye kana hondo yapera, tichasangana naYe. Isu vanova vadyi venhaka yechipikirwa chaAbrahamama, vadyi venhaka pamwe chete naKristu muHumambo, tichasangana naYe pamagumo enzira, uye totora chingwa newaini, zvakare, kana hondo yapera.

<sup>70</sup> Ndianiko Merkizedheki uyu? “Iye Wacho akanga asina baba, asina amai, akanga asina mavambo emazuva kana magumo ehupenyu.” Achange ari Ipapo kuti ape chirairo zvakare. Mazvibata here?

<sup>71</sup> Patinouya, pane humwe husiku, patinouya pamwe chete uye totora chirairo kubva mumaoko evashumiri, zvichimiririra kuti tinotenda murufu, kuvigwa, nerumuko rwaIshe Jesu, kuti chidzitiro ichocho, mutumbi waKe waAkange akafukidzwa mauri, Mwari, tinoutora, sechinomiririra, “Takafa kuzvinhu zvenyika, uye takazvarwa patsva noMweya.” Uye tinofamba neMutumbi waKristu, vatendi vose pamwe chete.

<sup>72</sup> Kana hondo huru yapera, uye touya kumusoro zvakare naKristu, tichatora chirairo naYe muHumambo hwaMwari, patsva; nekudya nyama, nekunwazve ropa remazambiringa zvakare, muHumambo hwaMwari. Oo! Hoyo Merkizedheki. NdiZvo zvaAiva.

<sup>73</sup> Zvino ngativerengei mberi zvishoma pamusoro paKe pano, uye ndima 18.

*Zvino Merkizedheki mambo weSaremi akauya  
nechingwa newaini: . . . (Mazvibata?) . . . uye wakanga  
ari muprisita waMwari wokumusoro-soro.*

*Zvino akamuropafadza, uye akati, Ngaaropafadzwe  
Abrahamama naMwari wekumusoro-soro, muridzi  
wematenga nepasi:*

Uye *akamuropafadza*, . . . Uye *akaropafadza* . . .

*Mwari wekumusoro-soro ngaakudzwe, wakapa vavengi venyu mumaoko enyu. Akamupa chegumi chezvose.*

Akabhadhara chegumi kuna Merkizedheki. Abrahama akaMupa chegumi chezvaakapamba.

<sup>74</sup> Zvino ndinoda kuti muone pano apo Pauro achienderera mberi, zvichipa nheyo yechidzidzo chiri kuuya zvino.

*Zvino mambo weSodhoma akati kuna Abrahama, Ndipe vanhu, iwe utore hako pfuma.*

Zvino, mambo weSodhoma akati, “Zvino, iwe chingondidzoserana vanhu vangu, uye iwe wozvitorera hako pfuma.”

*Zvino Abrahama akati kuna mambo weSodhoma, Ndasimudza ruoko rwangu kuna JEHOVHA, Mwari wekumusoro-soro, . . .*

*El Elyon*, “muridzi wematenga nepasi,” ipapo.

*. . . Mwari wekumusoro-soro, muridzi wematenga napasi,*

*Kuti handingatori kubva parushinda kana tambo yeshangu, . . .*

Akanga asina mbuserere huru yekutora mari. Aingoda hama yake yakawa chete.

*. . . uye kuti handingatori chero chinhu chimwe chezvihu zvenyu, kuti murege kuzoti, Ndakapfumisa Abrahama:*

*Kunze kweizvo chete zvakadyiwa nemajaya, nemugove wevanhu vakaenda neni, . . .*

<sup>75</sup> Zvino, ndinoda kuti mucherechedze, Abrahama akati, “Handisi kuzatora kubva parushinda kusvika kutambo yeshangu.” Haana kurwa hondo, kuti awane mari yakawanda. Uye hondo chaidzo dzechokwadi hadziitwe nezvinangwa zvehundini. Hondo hadzirwiwe nokuda kwemari. Hondo dzinorwiwa nokuda—nokuda kwezvinangwa, nokuda kwezvikonzero zvakakodzera. Vanhu vanorwa hondo nekuda kwezvikonzero zvakakodzera. Zvino Abrahama paakabuda kunze kunotora Roti, haana kubuda nokuti aiziva kuti aigona kukurira madzimambo nekuvatorera zvose zvavaiva nazvo, akabuda nokuda kwedonzvo “rekuponesa hama yake.”

<sup>76</sup> Uye chero mushumiri anotumwa kunze ari pasi pekufemera kwaMambo weKudenga, haazoenderi mari; kana kuenda kunogadzira machechi makuru, kana kuenda kunofemera masangano. Anoenda chete nechinangwa chimwe chete, uye ndicho chekuti, “Kudzosa hama yake yakawa.” Kuti awana

kobiri remasendi gumi mumupiro kana akasawana, hazvizoiti kana musiyano mudiki kwaari.

<sup>77</sup> Sezvandinotaura, “Hondo chaidzo dzinorwiwa uye dzinoitirwa zvikonzero zvakakodzera uye kwete nokuda kwemari.” Uye varume nemadzimai vanojoinha chechi uye vouya muchechi, kuti vave nemukurumbira, nokuti *vanaJones* ndeveko, kana kuti vanochinja chechi yavo kubva muchechi duku kuenda kuchechi yakakura, uri kuzviita nekuda kwechinangwa chehundini uye chikonzero chakafanira hachisi shure kwazvo. Unofanira kunge uchida kumira mberi kwepanorwiwa hondo.

<sup>78</sup> Mutabhenakeri ino, kana zvinhu zvikakanganisika, zvino imi varume nemi madzimai momhanya uye moenda kumwewo, kana kumbogarira kure kusvikira kakunetsana kadiki kana kuti kukakavara kwapera, pane chisina kumira zvakanaka nechitiko chako. Ndizvozvo.

<sup>79</sup> Tine tsika pano. Tine hu—tine hurongwa pano. Chechi ino yakavakirwa padzidziso dzakakodzera dzemuBhaibheri. Kana paine mumwe munhu ari muno asiri kuita zvakanaka, uye uchifunga kuti haasi, iwe enda kwaari wonotaura naye. Kana usingakwanise kumuyanana, saka tora imwe hama newe, mumwe chete kana vamwezve vaviri. Kana akasayanaiswa ipapo, zvino zviudzei kuchechi. Zvino chechi ichamudzanga, posava nekuyananzve naye. Uye Jesu akati, “Chose chamunosunungura panyika, Ndichachisunungura Kudenga.”

<sup>80</sup> Ndicho chikonzero muine matambudziko akawanda kwazvo, nekuti hauteveri dzidziso dzakakodzera dzemuBhaibheri. Kana mumwe munhu muchechi ari kukonzera bongozozo, kana chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka, harisi basa rako kuti uende uchitaura pamusoro pemurume iyeye kana mukadzi iyeye. Ibaso rako kuenda kumurume iyeye kana mukadzi iyeye, womuudza kukanganisa kwake. Zvino kana akasakunzwa, tora mumwewo newe. Akasanzwa izvozvo, ipapo chechi inomusunungura. Jesu akati, “Chamunosunungura panyika, Ndichachisunungura Kudenga. Chamunosungura panyika, Ndichachisungura Kudenga.” Ndiri simba rechechi.

<sup>81</sup> Pano kasiri kare, shamwari yangu yakanaka muparidzi, aiva nemukomana, zvino mukomana iyeye ainge achienda kuchechi, chechi yavo ivo. Akasvika pachinzvimbo chekutanga kumhanya-mhanya nekamwe kamusikana kadiki kekare kaiputa nekunwa nekuenderera. Muparidzi akati, “Ndizvo, ndezve kwake izvozvo.” Shamwari yangu chaiyo yepamoyo, uye nemukomana akanaka. Asi akatorwa mwoyo nemumwe mudzimai wechidiki; uye akambenge akaroorwa, aine vana, murume wake akanga achirarama. Vakanga vachitya kuti vaizova. . . mukomana iyeye aizomuroora. Saka, hama yakanga yakavhiringika chaizvo.



Vakati kwandiri, “Hama Branham, ndinoda kuti muende kune mukomana wangu uyu *akati-akati*. Ndinoda kuti mutaura naye.”

<sup>82</sup> Ndakati, “Hama...” Ndapotsa ndadaidza zita ravo. “Mune nzira iri nani. Musanditume. Kana mukomana wacho asiri kurarama zvakanaka, uye chechi yamuona achiita zvakaipa, zvino ndicho chinhu chekuti chechi iite basa iri. Zvasarira kune chechi. Uye chechi inoenda kunomuudza.”

<sup>83</sup> Saka vakatora imwe hama, vakaenda ikoko kunomuudza. Zvino akapindura hama yacho, akaizivisa kuti akanga achiita nezvekwake iye, zvekuti ivo waitewo zvimwe chetezvo. Vakatora imwe hama, vamwezve maviri, madhikoni maviri vakaenda ikoko kunoudza mukomana. Haana kuzviteerera. Vakazviudza kuchechi. Zvino haana kumbouya kwehusiku hwakawanda, kuti azoyanani swa nechechi mushure mekunge chivi chake chataurwa pamberi pechechi. Ndokubva, chechi yamusunungura.

<sup>84</sup> Zvino unenge mwedzi kubva ipapo akarohwa nemabayo, uye chiremba akati, “Hapana mukana munyika wekuti ararame.” Akabva akambaira achidzokera. Mwari vanoziwa maitirwo azvo.

<sup>85</sup> Tinoedza kuzviita isu pachedu, “Oo, munofanira kudzinga *Nhingi-nhingi* muchechi. Munofanira kuita *izvi, izvo*, kana *zvimwewo*.” Makaita chikamu chenyu here sechechi pazviri? Hezvoka izvo. Ndiyo nzira yekuvaita kuti vakambaire vachidzoka, vaisei kuna dhiyabhore imwe nguva.

<sup>86</sup> Pauro akati chii pamusoro pemurume uya zasi uko airarama naamainini vake? Havana kukwanisa kumuyanisa. Akati, “Musei kuna dhiyabhore.” Tarisai zvinoitika. Uye mutsamba inotevera yakanyorwa naPauro, murume uyu akanga atwasanuka. Chokwadi. Mwari vane nzira yekuita nayo zvinhu izvi, kana tikangotevedzera mitemo yaVo.

<sup>87</sup> Kana chimwe chinhu chikasafamba zvakanaka muchechi, kana chiri pakati peungano, mumwe nemumwe wenyu hama. Kana paboka remadhikoni, mumwe wenyu wemadhikoni asingazvibate zvakanaka, mamwe madhikoni anouya uye oita musangano, oedza kuyanisa hama, omuudza zvairi kuita; kana mumwe wenyu nhengo, chero zvamuri. Zvino zvinofanira kuunzwa pamberi pake. Kana akasazviita, zvino mouya kuzoudza mufudzi. Zvino, anosunungurwa kubva muchechi, uye zvadaro ngaave semuhedheni nomuteresi. Zvino motarisa Ishe vachienda kunoshanda paari. Munoono, ndipo paanobengenuka kupfungwa dzake. Ndipo paanouya achikambaira achipinda. Asi tinoedza kuzviita isu pachedu, munoziva, kuedza kuita... zvese nenzira yatinofanira kuzviita, zvino, hatife takabudirira.

<sup>88</sup> Zvino, Merkizedheki uyu, Mambo weSaremi, Muchinda, Muprisita weUyo weKumusoro-soro, akasangana naAbrahama akamuropafadza. Uye akaMupa chegumi chake, Abrahama

akadaro. Uye Akanga ari Mambo weSaremi. Zvino akaunza chingwa newaini, chirairo, ndokuchipa kuna Abrahamama mushure mehondo, mushure mekunge varume vacho vakundwa.

<sup>89</sup> Zvino, “Hondo dzese,” sezvandinotaura, “dzinorwiwa nokuda kwezvikonzero zvakakodzera.” Zvino, kana muine hondo duku muchechi, inofanira kuva pane chinhu chakakodzera. Unofanira kunge uchirwira chinhu chakafanira. Uye nhengo yega-yega yechechi inofanirwa kuita izvozvo. Zvino, dzidziso iyi ndeye chechi. Ndicho chikonzero tiri pano. Ndicho chikonzero ndakamira pano. Ndicho chikonzero Shoko raMwari riri pano, rinoitirwa chechi.

<sup>90</sup> Musamborega chimwe chinhu chichikanganisa chechi ino. Kana zvikadaro, mune mhosva, mumwe nemumwe wenyu. Uye imi, mumachechi enyu akasiyana-siyana, kana chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka muchechi menyu, mune mhosva, nokuti ndiwe mutariri wechechi iyoyo. Hazvisi kune mufundisi. Hazvisi zvekuboka remadhikoni. Zviri kwauri, iwe dungamunhu, kuti uende kuhama iyoyo uone kana uchikwanisa kumuyanana. Kana zvisina kudaro, zvino tora vaviri kana vatatu, wozodzoka. Akasanzwa izvozvo, zviudzei kuchechi. Saka anodzingwa kubva muHumambo hwaMwari. Mwari vakati, “Kana mukamudzinga ikoko, Ndinomudzinga Kuno, kana mukafamba nehurongwa uhu.” Ipapo Vanosunungura dhiyahore kwaari pakuvakwa . . . kuparadzwa kwenyama yake. Zvino ipapo anozodzoka. Ndizvozvo chaizvo. Ndiyo nzira yekuita kuti adzoke. Kana ari mwana waMwari, anodzoka. Kana asiri, handiti—handiti, achaenderera mberi, zvino ipapo dhiyahore anozomuendesa kunzvimbo yake yoKusingaperi.

<sup>91</sup> Zvino, zvinangwa zvacho. Kana muri mazongozviitirawo henyu kune mumwe munhu, ipapa zvasiyana. Asi, kana munhu wacho aine mhosva! Zvino Roti akadzika zasi uye akanga adzokera shure, kunyange akanga ari muHebheru. Akanga adzika zasi uye akanga adzokera shure. Akanga ari munyasha, asi akanga adonha kubva padziri. Zvino paakabuda . . . Uye Roti—Roti akanga akaponeswa. Usambofunga kuti Roti akanga asina kuponeswa. Akanga ari. Nokuti, nguva dzose paaiva panzvimbo isiri iyo, Bhaibheri rakataura, kuti, “Zvivi zveSodhoma zvakatambudza mweya wake wakarurama zuva nezuva.” Zvino, nyama yake yakanga ichiita chimwewo chinhu. Uye magumo ake aive akadii? Akaunza kunyadziwa kwakatowedzera. Mudzimai wake akashanduka kuita shongwe yemuny. Akaita vana nevakunda vake. Saka, munogona kuona kunyadziwa kwazvakaunza, nokuti akanga adonha kubva panyasha uye haana kuzozvidzoreredza pachake zvakare. Zvino Mwari vakatozomubvisa panyika.

<sup>92</sup> Asi, zvakadaro, akanga ari hama yakawa, uye Abrahamama akaita zvose zvaaigna kuita kuti amudzose zvakare. Zvino Mweya wakanga uri muna Abrahamama, ndiwo Mweya waKristu

uri muchechi nhasi. Hazvina mhosva kuti hama yaita sei, unoita zvese zvaunogona kuti uidzosere mukuyanana kwaKristu zvakare. Hazvina mhosva kuti chii chayakaita, uchaedza zvakaoma.

<sup>93</sup> Zvino, tinoda kucherechedza pano zvino zvakare, patiri kuenderera mberi nechidzidzo chino chaMerkizedheki uyu, Muprisita mukuru uyu weSaremi, uye muridzi weMatenga nepasi. Zvino, ari kutanga:

*Asina baba, asina mai, asina dzinza, asina kana kutanga kwemazuva, kana kuguma kwehupenyu; asi wakaitwa akafananidzwa neMwanakomana waMwari; anogara ari muprista nokusingaperi.*

Zvino tarisai. Akanga asiri Mwanakomana waMwari, Akanga ari Mwari weMwanakomana. Akanga asiri Mwanakomana waMwari, Merkizedheki akanga asiri, asi Aiva Baba veMwanakomana waMwari.

<sup>94</sup> Zvino, mutumbi uyu waAiva nawo, Akanga asika. Wakanga Usina kuunzwa kubudikidza nemukadzi. Saka nemutumbi wakasikwa iwoyo, Aisagona...Mumwe mutumbi waAkanga agadzira, pachaKe, kuti aZvizarure.

“Hapana munhu anogona kuona Mwari chero nguva. Mwari mweya.” Meso enyama haaone zvinhu izvozvo, kunze kwekunge zviru muchimiro chakafanana neShongwe yeMoto, kana chero zvachaive, kana muchimiro chechimwe chinhu chavakaona nechiratidzo. Asi...Mwari vanofanira kuZvizarura neimwe nzira. Zvino Mwari vakaZvizarura kuna Abrahamu, vari muchimiro chemunhu. VakaZvizarura kuna Mosesi, vari muchimiro chemunhu. VakaZvizarura kuvana veIsraeri, vari muchimiro cheShongwe yeMoto. VakaZvizarura kuna Johane Mubhabhatidzi, vari muchimiro chenjiva. Munoono, VakaZvizarura muzvimiro izvozvo.

PaVaiZvizarura vari muchimiro cheMunhu, saMambo weSaremi; weJerusarema; kwete weJerusarema repanyika, asi Jerusarema reKudenga. VakaZvizarura vari muchimiro ichocho. Akaitwa “akafananidzwa” neMwanakomana waMwari.

<sup>95</sup> Zvino, Mwanakomana waMwari aifanira kuuya kubudikidza nemukadzi, kuti asikwe pano; kubudikidza nemimba yemukadzi, nekuti kubudikidza nechinhu chimwe chetecho kwakauya rufu.

<sup>96</sup> Zvino haAigona kuuya kubudikidza nekusikwa sezvakaitwa naMwari pakutanga. Mwari pavakasika murume pakutanga, mukadzi aive asinei nechekuita nazvo. Mwari vakangoti, “Ngakuve,” zvino murume akabva auya achibva muguruva. Akamudaidza, pasina kana mukadzi aive aine chekuita nazvo. Asi, mudzimai, kareko aiva mumurume.

<sup>97</sup> Uye Mwari vakatora mukadzi kubva padivi raAdhamu. Ndizvo here? Zvino mudzimai akaenda ndokuunza munhu kubudikidza nekusangana pabonde. Saka nzira chete Mwari yavaigona kuita... Vaisakwanisa kuuya vari mutiyofani iyoyo. Vaisakwanisa kuuya saMerkizedheki. Vaifanira kuuya seMunhu, uye Vaifanira kuuya kubudikidza nemudzimai. “Mbeu yaKo ichakuvadza musoro wenyoka, uye musoro wayo uchakuvadza chitsitsinho chaKo.” Mazvibata? Mwari vaifanira kuuya kubudikidza nemukadzi; uye Vakazviita, paVakagara mumutumbi waKe weMwanakomana waVo, Kristu Jesu. “Mwari vakanga vari muna Kristu, vachiyananisa nyika kwaVari.” Zvino Akapira Ropa raKe pachaKe sechibairo. Uye akapa Hupenyu hwaKe, kuti kubudikidza nenzira yerufu, Agokuponesa kuHupenyu Husingaperi.

<sup>98</sup> Saka Mwari vakauya ipapo, zvino Vakaitwa “Vakafananidzwa” neMwanakomana waMwari. Maona? Aive Munhu akaitwa seMwanakomana waMwari. Zvino, haAigona kuva Mwanakomana waMwari, nokuti Murume uyu ndewe muna Ziyendanakuenda.

<sup>99</sup> Mwanakomana waMwari aive nemavambo, Aive nemagumo. Aiva ne—nenguva yekuzvarwa kwaKe, Aiva nenguva yekufa kwaKe. Akanga aine zvose mavambo nemagumo. Akanga aina vose baba naamai.

<sup>100</sup> Murume uyu akanga asina baba kana amai, mavambo kana magumo enguva. Asi Akaitwa, Murume uyu, Merkizedheki, akaitwa seMwanakomana waMwari.

<sup>101</sup> Zvino, Mwanakomana waMwari, paAkauya munyika, ari muchimiro chemukadzi, kana kuti, kubudikidza nemukadzi, ari muchimiro chemunhu, uye akauraiwa, akamuka zvakare nezuva retatu, akamuka kuitira kururamiswa kwedu, zvino Anogara nokusingaperi. Uye chero bedzi mutumbi iwoyo uripo, isu tinogarawo zvakare. Uye nekuti Akamuka kubva muvhu, tichamutswa tiri mumufananidzo waKe. Heyo nyaya yeVhangeri. Ngarirumbidzwe Zita raShe. Kwete Ngirozi, kwete zvisikwa zvemweya, kwete murwi weminhenga ichi bhururuka kwese-kwese, asi varume nevakadzi, ameni, vakamira mumufananidzo waKe. Hongu, changamire.

<sup>102</sup> Sezvandagara ndichitaura izvi, ndinozvitaura zvakare pano panguva ino. Zvinoita sezvakakodzera. Ndakanga ndichikama, ringangoita bvudzi shanu kana nhanhatu randanga ndasarirwa naro. Zvino mudzimai wangu akati, “Billy, wava kuita mhanza.”

<sup>103</sup> Ndikati, “Asi handina kurasikirwa nerimwe raro.”

<sup>104</sup> Akati, “Riri kupi?”

<sup>105</sup> Ndikati, “Ndiudze kwarakanga riri ndisati ndava naro, ndichakuudza kwariri rakandimirira.” Ndizvozvo chaizvo.

106 Ndaisimbova semu—murwi, mutambi wetsiva. Ndainge ndakasimba uye ndiri muhombe. Uye ndainzwa kuti, kana ukagadzika chechi iyi kumusana kwangu, ndaizofamba ndichidzika zasi nemugwagwa nayo. Ndinokuudzai, pandinomuka mangwanani ega-ega zvino, ndinocherechedza kuti pane makore makumi mana neanoraudzira apfuura. Maona? Handisisiri zvandaisimbova. Ndiri kuderera, zuva nezuva. Pandinotarisa maoko angu ndofunga, “Tarisa pano. Saka, ndave kuva murume akwegura.” Ndinotarisa pamapendekete angu. Ndinooona kuti ndawedzera huremu hwakawanda. Ndaiwanzopfeka bhandi remakumi maviri nemasere. Ndinopfeka remakumi matatu zvino. Munooona, ndava kuchembera, ndichifuta, ndichipera.

107 Chii ichocho? Ndinodya chinhu chimwe chete chandaidya. Ndinorarama zvakawedzera kuchena uye zviru nani pane zvandaisirarama, zvimwe chete. Asi Mwari vakanditemera nguva, uye ndinofanira kuigamuchira. Asi pfungwa yakaropafadzwa iyi, ndeyokuti, pazuva iroro, Vachandimutsa zvakare. Uye zvose zvakandanga ndiri pandakanga ndine makore makumi maviri namashanu okuberekwa, ndichava zvakare nokusingaperi. Ameni. Hezvoka izvo. Kuchembera kunondinetsa chii? Ndakakunda dhiyabhore kubva mazviru kwemakore nemakore, ndichiziva izvi, kuti ndinoVatenda. Kanguva aka kadiki kangori kanhu kadiki, kapfupi, zvakadaro. Dai taingogara makumi manomwe, makore makumi manomwe ekuberekwa, nguva yedu yatakavimbiswa, chii—chii ichocho kunze kwekushungurudzwa nekusuwa? Chii ichocho? Ungatsinhanisa here imba ino yematambudziko nechinhu chakabwinyiswa ichocho chiri mhiri?

108 Haiwa, Zita raJehovha ngarirumbidzwe! Chimwe chinhu chiri mukati mangu chakasangana naMerkizedheki iyeye rimwe zuva, uye Akataura rugare kwandiri uye Akandipa Hupenyu Husingaperi. Uye hupenyu huno hauna zvaunoreva kunze kwekuva tabhenakeri yokuparidza Evhangeri nemairi. Ndinotaura izvi nekuperera kwese, nemaBhaibheri maviri aya akazaruka pamberi pangu. Kana Mwari vangu vachinge vapedza neni pamusoro pekuparidza Evhangeri, uye ndisachagona kuVaitira chimwe chinhu, vana vangu vakura zvokukwanisa kuzvichengeta, uye Vachida kunditora izvozvi, “Ameni,” zvatoringana. Hongu, changamire.

109 Zvine mutsauko wei wazvinoita kana ndine makumi masere kana makumi maviri? Ndiri pano chete nokuda kwechinhu chimwe chete: kushumira Ishe. Ndizvo zvoga. Kana ndichiri kugona kuparidza Evhangeri sezvandi kuita zvino, kana ndava nemakumi masere, zvinoita mutsauko wei kana ndiine makumi mana kana makumi masere? Kune varume vakawanda vane makore makumi masere okuberekwa manheru ano. Uye kune vana vakawanda vachafa, apo murume ane makore

makumi masere okuberekwa anorarama kupfuura vazhinji vavo. Zvinoita mutsauko wei? Zvinagwa zvako, musimbotti wemaitiro ako, uye tiri pano kushumira Ishe Jesu. Ndizvo zvoga.

<sup>110</sup> Kuziva izvi, kuti, “Hupenyu huno imhute inotaurwa nezvayo nemunhu; iyo yaimbovapo, uyezve haichisipo.” Asi kana tine Hupenyu Husingaperi, Mwari vakavimbisa kuti Vachatimutsa zvakare. Uye tichadya chirairo naVo kana mazuva apera, uye paVachati, “Pinda mumufaro waShe, wakagadzirirwa iwe kubva pakuvambwa kwenyika.”

<sup>111</sup> Zvino zvinoita mutsauko wei pano, kuti tine chimwe chinhu here kana kuti hatina? Kutira tiri vadiki here kana kuti takura, zvinoita mutsauko upi? Chinhu chikuru, wakagadzirira kusangana naVo here? UnoVada here? Unogona kuVashumira here? Wakaparadzana zvachose here nezvinhu zvenyika? Wakasangana naMerkizedheki here kubva hondo payakapera?

<sup>112</sup> Mwari ngavarumbidzwe! Anenge makore makumi maviri nerimwe okuberekwa, ndakanga ndiri, zvino rimwe zuva ndakarwa *neuyu, uyo, nemumwewo*. Ndakatadza kuziva kuti ndaida kuva murwi here, kana kuti ndaida kuva muteyi wemhuka, kana muvhimi, zvandingada kuva. Asi ndakasangana naMerkizedheki, uye Akandipa chirairo, uye kubva ipapo zvakagadziriswa zvachose. Hareruya! Ndakaenda kudivi raKe. Ndanga ndichifara munzira. Zvino kana zvasvika kumagumo enzira, uye rufu rwonditarisa kumeso, manzwiwo andiri kuita iye zvino, handife ndakarutya. Ndichafamba, ndinoda kufamba pamberi parwo, ndichiziva izvi, kuti ndinoMuziva Uyo akaita vimbiso, ndizvozvo, kuti ndinoMuziva musimba rekumuka kwaKe. PaAchadana kubva pakati pevakafa, ndichabuda kubva pakati pavo. Ndizvozvo, ndichiMuziva musimba rekumuka kwaKe. Zvinoita mutsauko wei, kuti ndakwegura kana kuti ndiri wechidiki? Kutira ndiri mudiki kana kuti ndiri muhombe? Kutira ndakaguta here kana kuti ndine nzara? Kutira ndine pekurara here kana kuti handina?

<sup>113</sup> “Shiri dzine matendere, negava rine mwena, asi Mwanakomana wemunhu haana nzvimbo yaangaisa musoro waKe,” asi Akanga ari Mambo woKubwina.

<sup>114</sup> Tiri madzimambo nevaprisita manheru ano. Zvine mutsauko wei wazvinoita kuti tinazvo here kana kuti hatina? Chero bedzi tina Mwari, tiri vakundi nokupfuurisa. Tiri vakundi nekupfuurisa. Tigere muHupo hwaMwari, mukuyanana kweMweya Mutsvene, tichitora chirairo chepaMweya kubva mumaoko aiYe wakapupura, “Ndini Uya akanga akafa, uye ndiri mupenyu zvakare, uye Ndiri mupenyu nokusingaperi.” Takagara pamwe chete munzvimbo dzeKudenga muna Kristu Jesu. Oo, Zira raKe Dzvene ngarirumbidzwe! Zvinoita mutsauko wei?

Tende kana kamba, ndoitireiko hany'n'a nazvo?  
 Vari kundivakira muzinda mhiri Ikoko!  
 Wemarubhi nemadhaimani, nesirivheri  
 nendarama,  
 Homwe dzavo dzemari dzakazara, Vane  
 hupfumi husakambotaurwa.

115 Ndakasangana naYe rimwe zuva pandakabva kuhondo. Ndakaradzika mikombe yangu pasi. Handina kuzomborwa hondo kubvira ipapo; Anondirwira idzodzo hadzo. Ndinongozorora pavimbiso yaKe, ndichiziva izvi, kuti ndinoMuziva musimba rokumuka kwaKe. Ndizvo zvoga zvine basa. Chii chimwezve chine basa?

116 Chii chatingaita? Neiko uchitora kufunga sekunge kunogona kuwedzera kubiti rimwe pahurefu hwako? Unoitirei hany'n'a nazvo kuti vhudzi rako rakamonana, kana kuti unaro kana kuti hauna? Zvinoita mutsauko wei? Kana wachembera, kana wachena musoro, kana wakakombama mapendekete, kana usina, zvinoita mutsauko wei? Ameni. Izvi ndezve chinguvana chete, chikamu chidiki, asi Izvo ndezva narinhi narinhi. Uye apo nguva dzisingaverengeki dzichiederera mberi, apo mazera achienderera mberi, haufe wakashanduka, uye wopinda nemumazera aKe asingaperi emuna Ziendanakuenda. Zvinoita mutsauko wei?

117 Ndinofara kwazvo kuti ndakasangana naYe. Ndinofara kwazvo kuti Akandipa chirairo, rimwe zuva, Merkizedheki mumwe cheteyo akasangana naAbrahama achibva kunouraya madzimambo. Zvirokwazvo. "Mwari weKudenga," *El Elyon*; "NDIRI" mukuru, kwete Ndaive; NDIRI, izvozvi. "Zvino Akamuropafadza."

118 Teerera! pano tichienda mberi zivishoma, kuitira kuti tiunze chidzidzo pamwe chete zivishoma. Zvino ndima 4.

*Zvino fungai kukura kwakanga kwakaita murume uyu, . . .*

Ndinongozvifungawo izvozvo, zvakare. "Fungai kukura kwanga kwakaita Murume uyu." Anopfuurira Mwanakomana waMwari. Mwanakomana waMwari akanga aina baba naamai; iYe akanga asina. Mwanakomana waMwari aive nemavambo enguva nemagumo enguva; iYe akanga asina. Aive ani iyeye? Ndiye aive Baba veMwanakomana. Ndiye Wacho zvaAive.

*. . . fungai kukura kwakanga kwakaita murume uyu, kune . . . kunyangwe tateguru Abrahama akapa chegumi chezvose zvakapambwa.*

119 Zvino chinyatsoterera!

*Zvino zvirokwazvo avo vari vevanakomana vaRevhi, vanogamuchira basa rehuprista, vane . . . murairo wokuti vatore chegumi kubva kuwanhu maererano*

*nemurairo, kureva kuti, iko kuhama dzavo, kunyange vakabuda muchiuno chaAbrahama:*

120 Zvino tarisai izvi kana muchida kuona chimwe chinhu.

*Asi uyo ane dzinza rake risina kupfuudzwa mberi . . . kubva kwavari unogamuchira chegumi chaAbrahama, uye akamuropafadza iye akanga ane chipikirwa.*

121 Abrahama akanga aine vimbiso, uye Murume uyu akaropafadza Abrahama akanga aine vimbiso. Aive aniko uyu? Vanakomana vaRevhi vakabhadhara chegumi kuhama dzavo kana kuti . . . Hama dzavo dzakabhadhara chegumi kwavari. Vaiwa nomurairo waJehovha wokuti vatore chegumi chezvinhu zvakanga zvaitwa nehama dzavo, zvekurarama kwavo, nokuti vakanga vari huprisita. Zvino, zvinoburitsa huprisita hwaMerkizedheki, sehwaMunotaura, ipapo. Ndizvozvo chaizvo. Asi Murume uyu . . . Kunyange uyo akanga aine vimbiso, munhu mukurusa panyika, Abrahama, akasangana neMurume uyu akabhadhara chegumi kwaAri. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Aifanira kuva akadarika pahukuru.

122 Teererai.

*Zvino pasina chero kupikisa kupi zvako muduku ndiye anoropafadzwa neanomudarika.*

Zvirokwazvo. Tarisai kuti Iye ndiAni.

*Uye pano vanhu vanofa vanogamuchira chegumi; . . .*

Ndihwo huprisita hwehurongwa hwevaprisita nevaparidzi, nevamwe vakadaro. Varume vanogamuchira chegumi, vanofa. Maona?

*. . . asi pano unozvigamuchira, anopupurirwa kuti mupenyu.*

123 Ko munhu angatorerei chegumi, kana aine chero . . . Kana asina kumboberekwa, uye asingazombofi, uye akanga aripo kubva pamavambo kusvikira kumagumo, uye—uye asina kumbova nababa kana amai kana dzinza, uye ari muridzi weMatenga ose nepasi nezvose zviriri mairi, ko aizotorerei chegumi? Ko sei aizokumbira Abrahama kuti abhadhara chegumi? Munoono here kuti chinhu chisiri chekutamba nacho zvakadini chekubhadhara chegumi? Kubhadhara chegumi kwakafanira. Mukristu wese anosungirwa kubhadhara chegumi. Ndizvozvo chaizvo. Hazvina kumboshandurwa.

124 Zvino:

*Zvino sezvandingataura ndichiti, Revhiwo zvakare, wakagamuchira chegumi, iyewo akabhadhara chegumi ari muna Abrahama.*

125 Zvino, oo, hechino chimwe chinhu.

*Nekuti wakange achiri muchiuno chababa vake, Merkizedheki paakasangana naye.*



126 Chii? Revhi? Abrahamama akanga ari baba vababa vasekuru vaRevhi. Uye Bhaibheri rakataura pano, kuti, “Revhi akabhadhara chegumi paakanga ari muchiuno chaAbrahamama.” Zvizvarwa zvina asati atombouya panyika, aibhadhara chegumi kuna Merkizedheki. Ngarirumbidzwe Zita raShe!

127 Ipapo, iwe wotadza kutenda mukufanotemerwa, kana kufanogadzwa; uye pano, zvizvarwa zvina Revhi asati ambobuda muchiuno chaAbrahamama, akanga achibhadhara chegumi kuna Merkizedheki. Ndinoshuva kuti dai taiva nenguva yekupfudza izvi nemuMagwaro.

128 Kana ukazvitora wozviendesa semuna Jeremia 1:4, Mwari vakati, “Ndakakuziva usati watomboubwa mumimba yaamai vako. Uye ndakakuchenesa uye ndikakugadza kuve muporofita kumarudzi.” Saka chii chaungataura kuti wakaita? Chii chandingati ndakaita? NdiMwari vanoratidza tsitsi. Mwari vakatiziva nyika isati yavambwa.

129 Havadi kuti chero ani zvake aparare. Kwete zvemazvirokwazvo. Asi kana Vari Mwari, Vakaziva kuti ndiani aizoponeswa uye kuti ndiani aisazoponeswa, kana kuti hapana chaVaiziva. Kana Vaisaziva...Kana vaisaziva kuti ndiani aizopinda muKubvutwa, nyika isati yatombovambwa, saka haVazi Mwari. Kana Vasina magumo, Vaizo...Vaiziva nhata yose, nhunzi yose, inda yose, kachikwekwe kese, zvaizombove zviru panyika, nyika isati yatomboubwa. Ndizvozvo. Vaiziva zvinhu zvose. Nyika isati yavambwa, Vakatiziva. Bhaibheri rakataura, kuti, “Vakatiziva uye vakatitemera.”

130 Ngatigadzirise izvi kamwe chete. Ngatidzokerei kuna VaEfeso, chitsauko 1. Chitsa- 5...Chitsauko 1 chaVaEfeso, kwechinguvana. Ndinoda kuverenga pano kweminiti chete, kuitira kuti munyatsonzwisisa kuti hachingori chinhu chandiri kuedza kukuudzai. Ndechimwe chinhu icho Mwari vari kuedza kukuudzai. Maona? Zvino teerera! Kune izvi, zvakanyatsonaka, chitsauko 1 chaVaEfeso.

*Pauro, muapostora waJesu Kristu nokuda kwaMwari, . . .*

Murume mumwe chete akanyora tsamba yekuvaHebheru, ari kunyora tsamba iyi.

*. . . kuvatsvene . . .*

Iyi haisi kune vasingatendi, asi kuvatsvene, vakache- . . . avo vatsvene.

*. . . vari paEfeso, nokuna vakatendeka muna Kristu Jesu:*

*Nyasha ngadzive kwamuri, nerugare, runobva kuna Mwari Baba vedu, uye nokubva kuna Ishe Jesu Kristu.*

*Ngaavongwe Mwari naBaba vaShe wedu Jesu Kristu, akatiropafadza nekuropafadza kose kwemweya munzvimbo dzekumatenga...*

“Maererano sezvo iYe...” Zvino, nyatsoteerera zvino, ndima 4.

*Sezvaakatisanangura isu maari nyika isati yavambwa,...*

Ndiani “isu” ipapo? Chechi.

*...akatisarudza isu maari (Kristu) nyika, isati yavambwa, kuti tive vatsvene uye vasina mhosva pamberi pake murudo:*

*Akatitemera kare kuti naJesu Kristu tiitwe vana kwaari pachake, maererano nemufaro waKe Omene wakanaka wekuda kwake,*

<sup>131</sup> Ndiani akazviita? Mwari vakazviita. Mwari vaiziva kubva pamavambo kuti ndiani aizoponeswa uye kuti ndiani aisazoponeswa. Zvirokwazvo, Vakanga vasingadi kuti chero ani zvake aparare. Asi haVana kutuma Jesu pano kungoona kana waizo—waizoita sekuti, “Saka, Jesu anonzvisa urombo, ndinoMunzwira urombo. Pamwe zviri nani ndiponeswe ndozvigamuchira.” Kwete, changamire.

<sup>132</sup> Mwari vaiziva kumavambo kuti ndiani aizodaro uye ndiani aisazodaro. Saka, naizvozvo, Vaiziva kuti vamwe vaizodaro, saka Vakatumira Jesu kuti agadzire yananiso yaavo vaAkagara aziva. “Kune avo vaVakafanoziva, Vakavadana. Uye avo vaVakadana, Vakavaruramisa. Uye avo vaVakaruramisa, Vakatofana (nguva yakapfuura) kuvabwinyisa.” Hezvoka izvo.

<sup>133</sup> Saka hausi iwe unozvichengeta, inyasha dzaMwari dzinokuchengeta. Hauna kuzviponesa pachako, kana chimwe chinhu chawakaita kuti ukodzere kuponeswa. Inyasha dzaMwari dzakakuponesa. Nyasha dzaMwari dzakakudana. Kufanoziva kwaMwari kwakakuziva. Vakaziva kuti uchange uri muchechi ino manheru ano, nheyo dzenyika dzisati dzamboiswa, kana Vasina magumo. Kana Vasina kudaro, haVasi Mwari. Kana Vaiziva zvinhu zvole, Vaiva Mwari. Kana Vaisaziva zvinhu zvese, Vakanga vasiri Mwari. Kana Vari Mwari Samasimba, Vanogona kuita zvinhu zvese. Kana Vasingakwanisi kuita zvinhu zvole, haVasi Mwari Samasimba. Hezvoka izvo.

<sup>134</sup> Saka ungati sei ndechimwe chinhu chawaigona kuita? Hapana chaunokwanisa kuita. Rudo rwaMwari nenyasha kwauri, kuti iwe utomboripo pano. Hapana chawaigona kuita, Mwari vakakudana nenyasha dzaVo; wakateerera, ukanzwa, ukagamuchira.

<sup>135</sup> “Saka,” unoti, “Hama Branham, zvinoita kuti zvireruke zvakananyisa.” Zvirokwazvo zvinodaro. Wakasununguka. “Saka, muchinda iyeye anogona kuita chero chaanoda.”

Zvamazvirokwazvo. Ndinogara ndichiita zvandinoda kuita. Asi kana uri Mukristu, haudi kuita chakaipa.

<sup>136</sup> Pane kamusikana kadiki kekare kakagara kumashure uko manheru ano, mudzimai wangu. Ndinomuda nezvose zviri mandiri. Uye dai ndaiziva kuti ndaigona kumhanya-mhanya nemumwe mukadzi ndobudirira pazviri pasina chinondiwana, ndoenda kunomuudza, uye ndoti, “Meda, ndakanganisa,” munofunga kuti ndaizviita? Kana ndichimuda zvakanaka, handizviiti. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>137</sup> Zvino, ko kana ndaizoti, “Oo, handikwanise kuzviita. Nokuti, ndichakuudza chikonzero. Aizondiramba, uye ndine...Oo, ndiri muparidzi. Munoono here zvazvaizoita? Zvaizondibvisa papurupiti, kana aindiramba. ‘Murume akarambwa, oo!’ Ndine vana vatatu; Handaifunga nezvazo. Asi, vakomana, ini...?” Saka, kana zviri izvo zvazviri, uchiri wemutemo. Hazvisi zvepamutemo zvandakamuroorera. Hazvisi zvepamutemo zvinoita kuti ndirarame ndakatendeka kwaari. Imhaka yekuti ndinomuda. Hapana chandinofanira kuita. Ndinozviita nekuda nekuti inyaya yerudo. Uye kana uchida mudzimai wako, unoita zvimwe chetezvo.

<sup>138</sup> Uye kana uchida mukadzi wako saizvozvo, nerudo rwe*firiyo*, chii chaunofanira kuita kuna Kristu nerudo rwe*agapo*, rwakasimba zvapaketwa kamiriyoni, kana uchinyatsoda Mwari? Kana ndaiziva manheru ano kuti ndaigona kubuda ndonodhakwa, kana ndaiziva kuti manheru ano ndaigona kumhanya-mhanya ndoita hunzenza, kana ndaiziva, manheru ano; kana dai zvainge zvitombori mumoyo mangu kuti ndizviite, uye ndobva ndaenda ndinozviita, ndichiziva kuti Aindiregerera, Ndaisazviita. Ndinofunga zvakanyanyisa nezvaKe. NdinoMuda. Chokwadi. Zvirokwazvo.

<sup>139</sup> Ndicho chikonzero ndisingatengese chitiko changu kune chero sangano, (kwete, changamire), kwete Assemblies of God, kwete Church of God, kwete Pilgrim Holiness, Methodist, Baptisti, Presbyteriani, Katorike. Handaizotora chero chinhu chaigona kupihwa, nekuda kwechiitiko ichi. Nokuti, hachina kumbouya nemunhu. Chakauya naMwari. Kwete, changamire. Handingatengesa hudangwe hwangu kune chero rock-and-roll zvayo yaElvis Presley, kana rundaza rwemaCatholic ake, kana kuti ake, kana kuti, maCadillac, kana madhora ake miriyoni, nezvimwe zvakadaro, zvaanowana mwedzi wegawega. Kwete, changamire. NdinoMuda. Uye kana ini... Chero bedzi ndichiMuda saizvozvo, ndicharamba ndakatendeka kwaAri. Zvino kana Mwari vakandidana uye vakandisarudza, Vakaisa chimwe chinhu mandiri, uye ndinoVada.

<sup>140</sup> Ndinorangarira VaIsler. Imi mose munovaziva, vazhinji venyu mose. Vakauya ipo pano, seneta wehurumende anomiririra Indiana; vakauya pano, vachiridza gitare ravo. Mwana

wangu paakanga afa, mudzimai wangu akanga afa, uye vose vakarara kumusoro kuno kunzvimbo yemarinda. Zvino ndakanga ndichikwidza nenzira, maoko angu ari shure kwangu, ndichichema. Vakasvetuka kubva mukarori kavo kadiki, kakare, ndokuuya vakandimbundira neruoko rwavo, vakati, “Billy, ndinoda kukubvunza mubvunzo.” Vakati, “Ndakakunzwa uchiparidza kusvika wapotsa wawira papurupiti. Ndakakunzwa pamakona emigwagwa nezvose, uchichemera Kristu.” Vakati, “Zvino Vakatora baba vako. Vakatora munin’ina wako. Vakavabvuta vari vaviri, uye vakafira mumaoko ako. Ndimu mavakafira. Mukadzi wako akafa, akabata maoko ako. Uye mwana wako akafa, uye iwe uchidana kwaVari kuti vakubatsire. Zvino vaKafuratira musana waVo kwauri. Unofungei nezvaVo?”

<sup>141</sup> Ndakati, “NdinoVada nezvose zviru mandiri. Kana Vakandiendesa kugehena, ndicharamba ndichiVada.” Vakarurama. Handitauri izvozvo; makore makumi maviri nematanhatu akazviratidza. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>142</sup> Kana uchiVada! Kwete sebasa, rekuti, “Handikwanise kuita *izvi*, uye handikwanise kuita *izvo*.” UnoVada zvakanyanyisa kuti uzviite, nokuti Vakakusarudza. Hauna kuVasarudza, Vakakusarudza.

<sup>143</sup> Iwe wakati, “Ndakatsvaga Ishe, ndikatsvaga Ishe.”

Hakuna munhu anotsvaga Mwari. NdiMwari, vari kutsvaga munhu. Unogona kunge uchitsvaga fevha kwaVari, asi Mwari vanofanira kushandura hunhu hwako usati watombogona kuVatsvaga, nokuti, uri mutadzi, uri nguruve. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>144</sup> Uye vamwe venyu imi vanhu muchienda kuchechei uye muchingorarama nehunhengo hwenyu, munoenda kunze kuno monoita zvese zviru munyika, uye zvakadaro mozodzokera moti, “Hongu, ndiri wechechei.” Zvino, inzira iri kure kubva pakuva waMwari. Zvirokwazvo. Handidaro...Asi unoona vanhu vachiita izvozvo, unogona kuzviona. Oo, inhengo dzechechei dzakanaka. Ichokwadi. Unogona kunge uchiri nhengo yechechei uye uchiita zvinhu izvozvo, asi haugone kuve Mukristu uye uchizviita.

<sup>145</sup> Sezvandambotaura, mangwanani ano, “Gunguwo rakare, kana pakambova nemunyengeri, igunguwo.” Ndizvozvo chaizvo. Iro nenjiva zvakagara paareka imwe chete, ndokugara muchikwere chimwe chete. Zvino gunguwo rekare rakagutsikana parakasunungurwa, ndokubuda muChechei iyoyo, kuti rigone kuenda kunze ikoko ndokugara pane chimwe chitunha chakafa ndokuti “kawu, kawu,” zvino ndokudya kubva pane *chino* ichi, ndokudya kubva pabhiza, uye ndokudya kubva pamhou, uye nechero zvazvaiva, rakagutsikana. Asi Noa paakasunungura njiva, haina kuwana zororo retsoka dzayo. Yaiva nekodzero chaiyo yokugara pamhuka yakafa sezviiita

gunguwo, asi hwaiva hunhu huviri hwakasiyana. Imwe yadzo, yakanga ari njiva, kubva pakutanga. Rakanga riri gunguwo, kubva pakutanga.

<sup>146</sup> Asi, kana mukacherechedza, gunguwo rekare rinogona kugara neche pano pachitunha rodyo, hafu yezuva. Njiva inogara mumunda wegorosi yodya, hafu yezuva. Uye gunguwo rinogona kubhururuka kunze ikoko chaiko ronodya chikafu chenjiva, sezvarinoda. Rinogona kudya gorosi zvinongokwanisa kuita gunguwo, kana kuti, zvinokwanisawo kuita njiva. Asi iro, gunguwo, rinogona kudya chikafu chenjiva, asi njiva haigoni kudya chikafu chegunguwo. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>147</sup> Saka, munyengeri wekare anogona kuuya kucheche, ofara uye nokudanidzira achirumbidza Ishe, ongoenderera saizvozvo, obva atodzokera kunze uko ononakidzwa nezvinhu zvemunyika. Asi Mukristu akazvarwa patsva haakwanise kuzviita, nekuti rudo rwaMwari rwunomugombedzera kusvika panzvimo yekuti haakwanise kuzviita.

<sup>148</sup> Saka kana uchingove Mukristu nekujoinha chechi, nekurega kuita *izvi neizvo*, uye chishuwo chimwe chete chiri mauri, unoda kumwe kunyudzwa. Ndizvo chaizvo.

<sup>149</sup> Uye imi madzimai munokwanisa kupfeka zvikabudura zvidiki zvekare izvozvo, uye kunze kuno chaiko mumugwagwa, uye wobva wazvidaidza kuti “mutendi.” Uri mutendi, asi uri muenzaniso unosiririsa wemunwe, zvichida. Dai waiva chaizvoizvo naKristu mumoyo mako, hawaifanirwa kufunga nezvezvinhu zvakadaro saizvozvo. Handina basa nezvinoitwa nevamwe vakadzi vose, uye nezvinoitwa nevamwe vasikana vese, unozova wakasiyana, nokuti unoda Kristu zvakananyisa.

<sup>150</sup> Ndakataura nemumwe mudzimai rimwe zuva, mune imwe imba, zvino akakandira maoko ake mudenga sezvizvi, akati, “Mufundisi Branham, ndasara padiki kunge ndisina kusimira, muno mumba mangu. Ndiri kufamba-famba.”

<sup>151</sup> Ndakafunga, “Unonyadzisa.” Mumba mako, handina basa kuti uripi. Ndizvozvo chaizvo. Pfeka nekuita semudzimai, sezvinofanira kuita mudzimai kwaye. Unonyadzisa iwe. Asi unochengeta. . . Hongu, Bhaibheri rakati, “Kana uchida zvinhu izvozvo, zvinhu zvenyika, rudo rwaKristu harwusi kana mauri.” Uye kana uchida Ishe, nemoyo wako wese zvawo, nemweya wako wese, nepfungwa dzako dzose, unobvisa zvinhu izvozvo zvakare zviduku zvakasviba, zvakashata kubva pauri. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>152</sup> Uye imi mudhikoni, uye nemi vamwe pano, munomhanya kunze munzira muno, uye uchitenderedza mutsipa wako nekutarisa mumwe nomumwe wemadzimai acho. Munonyadzisa; nekuzvidaidza kuti “vanakomana vaMwari.” Ndinoziva kuti zviri kupisa, asi zviri nani kupiswa pane kuzogochwa zvachose ikoko. Saka kana ukaita zvinhu

izvozvo...Zvino, hapana chaungaita kana mukadzi akafamba zasi nenzira, asina kusimira zvakakwana. Iwe, kana uri wakatarisa, uchatomuona chete, asi unogona kutendeutsa musoro wako. Bhaibheri rakati, “Ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive, atoita upombwe naye kare mumwoyo mako.”

<sup>153</sup> Rega ndikuudze chimwe chinhu, hanzvadzi mudikani, uchapindurira. Handina basa nazvo, unogona kunge wakachena sehapa. Ungave usina kumboita chivi chorudzi irworwo, chivi chounzenza, muupenyu hwako. Asi kana ukapfeka saizvozvo, uchapindurira paKutongwa pamusoro pekuita hupombwe nemurume wose akakutarisa. Bhaibheri rakadaro. Uye ukafamba munzira, ndiani ane mhosva, murume wacho? Kwete, changamire. Ndiwe uri. Wakazviratidza pachako nenzira iyoyo.

<sup>154</sup> Mukadzi ane nzvimbo huru. Inzvimbo inoyera, yakanaka, inoshamisa. Asi anofanira kuzvichengeta akadaro, kuti abate hofisi yake sezvaanofanira kuita, saamai, semudzimai uye nehudzimai. Kana hudzimai hwatyoka, musana wechero nyika zvayo watyoka. Uye ndicho chikonzero, nhasi, nyika yedu yaparara, imhaka yehunzenza hwemadzimai edu. Ndizvo chaizvo. Chokwadi. Kuora kuri pakati pedu, ndiko kuri kuitiyora.

<sup>155</sup> Chaunoda kusangana naMerkizedheki uyu kamwe chete. Amen. Murege—Murege akuropafadze uye akupe waini, chingwa, Hupenyu Husingaperi. Ipapo iwe uchaona zvinhu zvakasiyana. Ipapo ucha...Zvichava zvakasiyana. Hauzodi kuti vakomana vaite...muridzo wegava kwauri, muridzo wemhumhi, kana chero chaunoda kuudana. Zvirokwazvo kwete. Unenge wakasiyana.

<sup>156</sup> Uye unoda kundiudza kuti unopfeka saizvozvo, wobuda kunze uko, nokuda kwechimwewo chinangwa? Unoti, “Handiti, dzinotonhorera.” Uri kutaura nyambo. Hadzitonhorere. Sainzi inoratidza kuti hadzitonhorere. Zviri...Ruchiva rwauya pauri, hanzvadzi. Hauzvicherechedzi. Handisi kuedza kukurwadzisa, asi ndiri kuedza kukuyambira. Vazhinji madzimai ane hunhu, akangochena sezvaanokwanisa, mudzimai mudiki akanaka, anobuda nezvinhu izvozvo, mumugwagwa, asingazive zvaari kuita, nekuti mumwe muparidzi akadzokera shure anotyia kuti murume wako haazobvisi chegumi chake muchechi zvachose. Kana dai akambosangana naMerkizedheki, haaizofunga zvinhu izvozvo. Aizoparidza Vhangeri. Kana zvikapisa ganda kubva kumusana kwavo, aizoZviparidza, zvakadaro. Ndizvo chaizvo.

<sup>157</sup> Unozviita, uye unozviita nekuti mweya weruchiva wasimuka. Uye imi varume munotendera madzimai enyu kuita mhando yezvinhu zvakadaro, ndine tarisiro shoma pamusoro penyu semurume. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, hapana kurumbidza pane izvozvo, nokuti, kana kuti, hapana

kukumbira ruregerero, nokuti, ichokwadi. Chero murume anotendera mudzimai wake kubuda mumugwagwa uye oita saizvozvo, hama, unofanira kunge wakapfeka zvipfeko *zvake*. Ndizvozvo. Iwe, nhai, ini zvangu!

<sup>158</sup> Handiti mukadzi wangu haazviite. Asi ndinofanira kushandurwa uye nokutsveyamiswa, kune zvandiri zvino, kana ndikazogara naye paanenge achizviita. Uye ndizvozvo chaizvo.

Vasikana vangu, vanogona kuzviita kana vasvika pakuva vakadzi. Handiti havazodaro. Handizivi. Zviri kutsitsi dzaMwari. Ndinovimba havadaro. Kana vakadaro, vachafamba napamusoro peminamato yababa vakarurama. Vachafamba napamusoro pehupenyu hwemunwe munhu akaedza kurarama zvakanaka, kana vakambozviita. Ndizvozvo chaizvo. Asi ndinoda kurarama zvakanaka, kudzidzisa zvakanaka, ndova wakanaka, uye ndigone kuvarairidza zvakanaka. Kana vakaita izvozvo, vacharwisa nzira yavo vachienda kugehena, nepamusoro pekuparidza kwangu, nepamusoro paKristu wangu, uye nepamusoro peyambiro dzangu, ndizvozvo, kana vakazombozviita. Zvirokwazvo. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>159</sup> Unonyadzisa. Kana ukasangana naKristu, chiso nechiso, uye Agokuropafadza, uye oisa tsvodo iya yekubvumira pamwoyo wako, madhimoni ose ari mugehena haambofa akakuita kuti uzvipfeke zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Wakashanduka kubva murufu kuenda kuHupenyu, uye zvishuwo zvako zvakaiswa pazvinhu zviri kumusoro uye kwete pazvinhu zvenyika. Amenii. Zviri nani ndisiye nyaya iyoyo. Inobaya-baya. Zvakanaka. Asi iChokwadi.

<sup>160</sup> Zvakanaka, patiri kuenda mberi zvino kumberi zvishomashoma, zvadaro tava kuvhara.

. . . zvirokwazvo *avo vari* vevanakomana *vaRevhi*, . . .  
*vanopiwa* chegumi chebasa *rehuprisita*, uye  
*vane murairo* wokuti *vatore* *chegumi kuvanhu*  
 zvichienderana *nemurairo*, kureva kuti, *iko kuhama*  
*dzavo, kunyange vakabva muchiuno chaAbrahama:*

*Asi iye ane dzinza risina kuverengerwa kwavari akapihwa chegumi naAbrahama, uye akaropafadza uyo akanga ane chipikirwa.*

*Zvino nekupikisa kose muduku ndiye anoropafadzwa neanomudarika.*

*Uye pano vanhu vanofa vanogamuchira chegumi; asi pano unochigamuchira, unopupurirwa zvichinzi mupenyu. Uye ini. . .*

*Zvino sezvandinogona. . .kuti, Revhiwo, . . . akagamuchira chegumi, akagamuchira chegumi, akabhadhara chegumi muna Abrahama.*

*Nekuti wakange achiri muchiuo chababa vake,  
pakusangana kwaMerkizedheki naye.*

161 Maonero ako—ako kuna Kristu acharatidza zvikuru zvichange zvakaita vana vako. Hupenyu hwako hwaunorarama pamberi pemhuri yako hucharatidza zvichange zvakaita vana vako. Nokuti, Bhaibheri rakataura, kuti, “Aizorova vana nokuda kwezvakaipa zvavabereki vavo kusvikira kuchizvarwa chechitatu nechetchina.”

162 Zvino, kwenguva shoma chete, tisati tavhara.

Uye *naizvozvo* kana *kukwaniswa* (hekuno kukwaniswa kwako zvakare) *kwaivapo nenzira yohuprisita hwaRevhi*, (nokuti pasi pahwo vanhu vakapiwa murairo,) ko paizodirwei kuti kuuye... *mumwe muprista* afanire *kuzomuka* worudzi rwaMerkizedheki, uye asingadanwi kuva werudzi rwaAroni?

163 Murairo, wemutemo, munoono, “Oo, unofanira kuita *izvi*. Kana ukasaita *izvi*, hausi Mukristu. Kana ukasachengeta sabata! Kana usingaiti... Kana uchidya nyama! Kana ukaita *zvinhu izvi!*” Pfungwa dzese dzemutemo idzi. “Uye unofanira kuenda kucheche. Kana ukasadaro, unobhadhara murango pazviri. Unofanira kuita minamoto yemazuva mapfumbamwe.” Zvinhu izvozvo hazvina maturo. Unoponeswa nenyasha dzaMwari, nokufanoziva kwaMwari, nekufanotemera kwaVo. Mwari vakadana Abrahamu nokufanotemera, nokufanoziva. Vakadana. Vakavenga Esau, ndokuda Jakobho, pasati pava nomumwe wavo anga ati azvarwa. Ndizvozvo. Ku—kufanoziva kwaMwari kunoziva zvinhu izvi.

164 Unobva wati, “Kuparidza Vhangeri kunobatsirei?”

165 Zvino ndichataura kwamuri, izvi. Pauro akapindura izvozvo, kana kuti Jesu akazviita, waro. Heunoi Jesu. Akati, “Humambo hweKudenga hwakafanana nemunhu akaenda kune iri, chi—chidziva kana kuti dziva, ndokukanda mambure. Akaadhonzwa. Kubva imomo, akanga aine kamba dzemumvura. Aiva netukamba twemumvura. Akanga aine nyoka. Aive nemadzvinyu. Aiva nematatywa. Aive nemabuwebuwe. Aive nenyungururwi. Aiva—aiva nehove.” Zvino, murume achingokukudza.

166 Zvakafanana neVhangeri. Herinoi zvino, ndiri kuparidza Vhangeri. Ndinongokanda mambure kunze. Ndinoadhonzwa, ndinoti, “Wese anoda, ani naani, ngaauye.” Hevanoi vamwe vachiuya, paartari. Vose vanomira paartari. Vanonamata. Vanochema. Handizivi mumwe kubva kune mumwe. Harisi basa rangu. Handina kutumirwa kuzotonga.

167 Asi, pane vamwe vari imomo vari matatywa. Pane vamwe vari madzvinyu. Pane vamwe vari nyoka. Ivo, vamwe, ikamba



dzemumvura. Uye kune vamwe vari hove. Harisi basa rangu kutonga. Ndinoti, “Baba, hevanoi vandaburitsa.”

168 Asi, datya rakanga riri datya, kubva pakutanga.

169 Buwebuwe, buwebuwe rakare rinogara ipapo rotarisa-tarisa, kwechinguva chiduku, rotenderedza maziso iwayo makuru, rotarisa-tarisa, roti, “Unozevei? Ndangove nezvakandikwanira zveIzvi sezvandinokwanisa kugamuchira.” Plopu, plopu, plopu, plopu, vanobuda vachienda.

170 Chembere nyoka ichasimudza musoro wayo, yoti, “Saka, unozivei? Kana vachizoparidza saizvozvo, vachipesana nekupfeka zvikabudura nezvimwe, zvinondibata. Saka ndichabva pane boka revaumburuki vatsvene iroro. Ndizvo zvoga zvazvaifanira kuva.” Waive nyoka kubva pakutanga. Ndizvo chaizvo. Hongu.

171 Zvino hepanoi pakagara mutana changamire datya dzetse, vaine ndudu huru iya mumuromo mavo, senzombe yekuTexas yakabviswa nyanga, vanomira ipapo uye votarisa-tarisa, voti, “Saka, hazvina kumbondipomera kusvuta. Ndichangobuda kubva muchinhu ichi, zvino uno.” Saka, iwe datya rekare, wanga wakadaro, kubva pakutanga. Ndizvo chaizvo. Ndizvo chaizvo.

172 Hunhu hwako hunoratidza zvauri. Hupenyu hwako hunoratidza, hunoratidza zvauri, uye pakutanga. Hazvina kundiomera kuti ndizvione. Hazvina kukuomera kuti uzvione.

173 Kana ndikaenda kunze kwaRoy Slaughter murimi akagara pano, uye ndoona nguruve dziri pamurwi wemanyowa, dzichidya manyowa, handaifunga chakaipa pamusoro pazvo. Ingurove. Asi kana ndikaona gwayana riri pamusoro pemurwi iwoyo wemanyowa, ndaishamisika. Uh-huh. Maona? Musanetseka, hamuzorioni ikoko. Haritongozvifariri. Ndizvozvo chaizvo.

174 Uye munhu akaberekwa neMweya waMwari anovenga zvinhu zvenyika. Ndizvozvo, “Nokuti kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harusika kana mauri.”

175 Kana ndikamhanya-mhanya nevakadzi zuva nezuya, zvino ndouya, ndoudza mudzimai wangu kuti ndinomuda, aitoziva kuti ndaiva munyepi. Mabasa angu aizotaura zvine ruzha kupfuura mashoko angu. Zvirokwazvo. Ndinomuratidza kuti ndakanga ndisingamudi, nokuti ndakanga ndisingarami zvakatendeka kwaari.

176 Akandiudza kuti aindida, uye pese pandinenge ndaenda, aienda nemumwewo munhu, zvaizoratidza kuti aisandida. Ndizvozvo. Mabasa ake anozviratidza. Handina basa kuti anoedza kundiudza zvakadii, “Bill, ndinokuda, uye hapana mumwe munhu pasi pano kunze kwako,” ndaiziva kuti aiva munyepi.

177 Uye paunoedza kuti, “Ishe, ndinoKudai,” uye uchiita zvinhu zvenyika, Mwari vanoziva kuti uri murevi wenhema,

kubva pakutanga. Saka nei? Zvinobatsirei kugamuchira chiitiko chekare chemuchidimbu, uye nechimwewo chinhu chakadaro, apo matenga makuru eKudenga azere nechinhu chemazvirokwazvo? Sei uchida kuva anongonziwo Mukristu, akasuwa, wepamuromo, ari muchidimbu, asina kuibva? Apo, uchikwanisa kuva mwana waMwari chaiye akazvarwa patsva, ane mabhera emufaro eKudenga achirira mumoyo mako, uchifara, nekurumbidza Mwari, uye nekurarama hupenyu hwekukunda kubudikidza naJesu Kristu.

<sup>178</sup> Usingaedzi kuzviita iwe pachako, nokuti unokundikana, kubva pakutanga kwacho. Asi Mutore, IShoko raKe, uye wozorora pane zvaAkataura kuva Chokwadi. Uye woMutenda, nekuMuda, uye Achaita kuti zvinhu zvose zvinyatsokushandira mukunaka. Ndizvozvo. Ndiyo pfungwa yacho.

<sup>179</sup> Ishe vakuropafadzei. Handidi kukutukai, asi, hama, zviriri nani kuwana kumbotukwa zvishoma. Muri vana vangu. Maona? Uye chero baba vanoda vana vavo vanovagadzirisa, kana kuti havasi mhando yababa chaivo. Ndizvozvo here? Ndizvozvo chaizvo. Uye baba ava vane mutemo mumwe chete, uye ndiwo mutemo wepamba. Uye Mwari vane mutemo mumwe chete, uye ndiro Shoko raVo.

<sup>180</sup> Kana tikatenda Shoko raVo, ipapo tinozorarama neShoko raVo. Ibaso redu, kana takambosangana naMwari. Kwete nekuti unoti, “Handiti, ndinoenda kuchechi, zvino ndinofanira kuita *zvakati*.” Unosiririsa. Usadaro. Unodirei kuva gunguwo rinosiririsa, rasakara, risina humwari, apo iwe uchigona kuva njiva? Zvirokwazvo. Unongofanira kuti hunhu hwako hushandurwe. Uye unoshandura hunhu hwako, kuve mwanakomana nemwanasikana waMwari, wova nerugare naMwari.

<sup>181</sup> Jesu! “Naizvozvo Jesuwo, kuti Achenese vanhu neRopa raKe pachaKe, akatambudzika kunze kwemasuwo,” VaHebheru 13:12 ne13. VaRoma 5:1, “Naizvozvo tichiruramiswa nokutenda,” kwete nekukwazisa maoko, kwete nekubhabhatidzwa mumvura, kwete nekuturikwa maoko, kwete nekudanidzira, kwete nekutaura nendimi, kwete nekutekenyedzwa kupi zvako. “Asi tichiruramiswa nekutenda, tine rugare naMwari kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu.” Takabva murufu tichienda kuHupenyu, uye tikava zvisikwa zvitsva, nokuti takatenda kuMwanakomana waMwari akaberekwa ari oga, uye tikaMugamuchira soMuponesi wedu pachedu. Uye Ropa raKe rinoshanda, manheru ano, seyananiso yechivi chedu, kumira panzvimbo yedu.

<sup>182</sup> MuTestamente Yakare, panongova nenzvimbo imwe chete yekuyanana, ndipo pasi peropa. Mutendi wese aifanira kuuya pasi peropa. Paiuraiwa tsiru dzvuku, raitwa kuti rive chipiriso chezvivi. Rinofanira kunge riri dzvuku. Uye chitsauko 19

chaEksodho, kana chero mumwe wenyu angada kuchiverenga. Uye rinofanira kutorwa, mahwanda, zvose, zvopiswa pamwe chete. Uye ipapo zvaiitwa mvura yekupatsanura. Yaiiswa kunze kwemasuwo. Yaifanira kubatwa neruoko rwakachena. Ropa retsiru iri raienda mberi. . . kuungano, uye rosaswa kanomwe pamusoro pemukova. Uye zvino, munhu wese akasviba aifamba achiuya, aifanira kutanga acherechedza pamwe nekuona ropa iroro, uye nekucherechedza kuti pane kuyanana chete pasi peropa iroro. Ndiyo chete nzvimbo munamati aigona kunamata zviri pamutemo, yaive pasi peropa.

<sup>183</sup> Zvino, chinhu chekutanga chaaifanira kuita, asati apinda pasi peropa, paifanira kuva nemvura iyi yokupatsanura yaisaswa paari, zvino uyo asina kuchena aicheneswa.

<sup>184</sup> Zvino vakatora mvura yokupatsanura ndokuisasira pamufambi, ndokumupatsanura nezvivi zvake. Uye zvadaro aifamba pasi pemitsetse minomwe iyi yeropa, uye akava nekuyanana nevamwe vatendi vose muHupo hwaMwari.

<sup>185</sup> Pane nzira imwe chete yekuzviita. Kwete kukwazisana nemaoko, kwete kujoinha chechi, kwete nerubhabhatidzo, kwete nemanyawi; asi kufamba uchienda kumvura dzekupatsanura, woisa maoko ako, nokutenda, pamusoro pemusoro waJesu, woti, “Ndiri mutadzi, uye Makafa panzvimbo yangu. Uye Chimwe chinhu chiri mandiri chinondiudza kuti Muchandiregerera zvivi zvangu, uye ndinoKugamuchirai seMuponesi wangu pachangu iko zvino.” Famba pasi peRopa, uko, wova nokuyanana nevana vaMwari. Ndizvozo. Wodya chingwa, wonwa waini, uye wova nokuyanana nechechi.

<sup>186</sup> Oo, haVashamise here? HaVana kunaka here? Zvino, izvi zvingaita sezvinoshamisa kwauri, shamwari. Asi chii—chii chandinomirira pano uye ndichitaura zvinhu izvi? Ndingazvitaura here kuti ndiedze kuzviita akasiyana nemumwe munhu? Kana ndikadarwo, saka ndinofanira kutendeuka. Ndiri kuZvitaura nokuti Mwari vakaZvitaura, nokuti IShoko raMwari. Uye teererai. Kuri kuuya nguva, uye ino ndiyo yacho, kuti apo vanhu vachabva kumabvazuva vachienda kumadokero, vachiedza kutsvaga Shoko raMwari, uye vasingaRiwane.

<sup>187</sup> Paunopinda mumusangano, chinhu chekutanga chaunoita, unopinda imomo zvino vanova neboka rendimi nekududzira, zvino mumwe munhu anosimuka oramba achitaura Magwaro; zvino izvozvo ndezvenyama. Zvemazvirokwazvo. Mwari vakatitaurira kuti “tisashandisa kudzokorora kusina maturo,” ko Ivo? Kana VakaZvinyora kamwe chete, iwe Zvitende. Havasungirwe kuZvitaura zvakare. Ndimi nokududzira zvakanaka, asi dzinofanira kuva shoko rakananga kuchechi nokune mumwe munhu, kwete zvenyama nezvimwe zvakadaro. Uye zvadaro unozoenda mberi mune zvimwe zvinhu zvose izvi.

<sup>188</sup> Pano rimwe zuva, varume vaviri vakapinda mune...uye murume nomukadzi wake, nomumwe murume nomukadzi wake, vachingori vechidiki vakaroorana, vakapinda mune imwe nzvimbo, kuti vaende kuAfrica semamishinari. Mumwe munhu akasimuka ndokupa chiporofita, ndokupa ndimi nokududzira, kuti, "Mumwe nemumwe wavo aive nemukadzi wemumwe." Kutu, "Hazvifaniri kudaro. Vakaroora munhu asiri iye." Zvino vanhu vaviri ivavo vakaparadzana vakaroorazve, zvakare. Mumwe murume akatora mudzimai womumwe, wemumwe wacho, musangano guru racho rePentekosti, ndokuenda kuAfrica semamishinari.

<sup>189</sup> Hama, paunotora mhiko yako, wakasungirwa kumhiko iyoyo kusvikira rufu rwakusunungura. Ndizvozvo chaizvo. Zvirokwazvo. Paunotora mhiko yako, inosunga.

<sup>190</sup> Zvose izvozvo, zvisina maturo! Zvino zvasvika panzvimbo yekuti paunoenda kumachechi, kunenge kwakatonhora kwazvo uye vari vetsika uye vakaoma, kusvika muchina wokuyera madziyiro wepamweya unoenda makumi mashanu pasi peziro. Vanhu vakangogara kunge mhopo iri pagoko, vachingovava uye vasina hany'a uye vakafinyama. Uye kana ukanzwa mumwe munhu, kumashure-shure uko mukona, angangogona kuhon'era ka "ameni" kadiki, apa neapo, sekunge zvinovarwadza, vose zvavo vanotambanudza mitsipa yavo sehanzi, kuti varinge-ringe, vaone zvaitika. Munoziva kuti ndicho chokwadi. Handisi kutaurira izvozvo nyambo. Ino haisi nzvimbo yenyambo. Ndicho Chokwadi. Ndizvozvo. Ndiri kuzvitaure nekuti iChokwadi cheVhangeri.

<sup>191</sup> Uye kune rimwe divi racho, unowana boka rezvisina maturo zveboka remanyawi ari munyama achienderera, uye Shoko raMwari rechokwadi pakupedzisira rasvika panzvimbo yekuti hauchawanzoRinzwa: rakare repakati penzira, Evhangeri, Chiedza kunzira yangu, hareruya, Ropa reGwayana, rudo rwaMwari rwunotipatsanura kubva kune zvinhu zvenyika.

<sup>192</sup> "Makataura nendimi here, hama? Hamuna kuUwana. Wakashevedzera kusvika manzwiwo anotonhora akwira nemusana wako here? Wakaona mabhora emoto here?" Oo, ndezvopenzi izvo! Hakuna chinhu chakadaro.

<sup>193</sup> Wakatenda here kuna Ishe Jesu Kristu uye ukaMugamuchira seMuponesi wako? Uye Mweya waMwari unopupurirana pamwe nemweya wako, kuti muri vanakomana nevanasikana vaMwari. Uye hupenyu hwako hunobereka zvibereko zverudo, mufaro, rugare, kutsungirira, runako, hunyoro, kupfava. Zvino wava Mukristu. Kana zvikasadaro, handina basa nezvaunoita.

Pauro akati, "Ndaigona kupa muviri wangu kuti upiswe sechibayiro. Ndichiziva zvakavanzika zvose zvaMwari. Ndinogona kufambisa makomo nokutenda kwangu. Ndinogona kutaura nendimi dzevanhu neNgirozi. Handisi chinhu." Munoti

kudini nazvo? VaKorinde Vekutanga 13; onai kuti Ndizvo here kana kuti kwete.

194 Zvino onai kana—kana VaKorinde, VaKorinde Vechipiri 13, ndinotenda kuti ndiyo. Kana kuti, zvakanaka, ingangove VaKorinde Vekutanga kana kuti Vechipiri. VaKorinde Vekutanga ipapo, VaKorinde Vekutanga 13, ndizvozvo. “Kunyangwe ndikataura nendimi dzavanhu nedzeNgirozi,” dzose mhando dzingadudzirwa neidzo, ndzisingagoni kududzirwa, “handisi chinhu.” Saka zvinobatsirei kutamba nazvo, saka?

195 “Kunyangwe ndichinzwisisa zvakananzika zvose zvaMwari.” Sei uchienda kumaseminari uye uchiedza kudzidza zvakananda kwazvo nezvazvo? Zviri nani utange wagadzirisana naMwari, kutanga. Zvirokwazvo. “Kunyangwe ini, ‘Oo, rumbidzai hareruya!’”

196 Unosvika pekuti hautombokwanisi kuva neungano kunze kwekunge uine mbuserere yekupodza kana imwe mhando yeminana iri kuitika. “Chizvarwa chehuteru uye chehupombwe chinotsvaka zvakanadaro.” Unodei naizvozvo?

197 Pauro akati aigona kuita mhando dzose dzezvinhu, kunyangwe kufambisa makomo, asi zvakanadaro haasi chinhu. “Pane ndimi, dzichaguma. Pane zivo, ichanyangadika. Pane zviporofita, zvichakundikana. Asi kana icho chakakwana chasvika, chichagara nokusingaperi,” uye rudo kukwaniswa. “Mwari vakada nyika kwazvo, nokudaro Vakapa Mwanakomana waVo akazvarwa ari oga, kuti,” ani naani anodendera, ani naani anozunguzika, ani naani anotaura, ani- . . .? “ani naani anotenda maAri haazoparare, asi ave neHupenyu Husingaperi.” Zvitendei izvozvo, vana.

198 Vanoedza kuzviita kuti zvive zvakaoma kwazvo, zvinhu *izvi* nezvinhu *izvozvo*. Apo, zvinodzika kusvika kuchinhu chimwe chete: kutenda kwako pachako muna Mwari. Ndizvozvo. Ndiko kunozviratidza. “Nokuti nokutenda,” kwete nemanzwi. “Nokutenda,” kwete nemanzwi. “Nokutenda,” kwete nekutekenyedzwa. “Asi unoponeswa nokutenda; uye kuti ne. . .” Nokuti wakatsvaga Ishe here? Nekuti wanga uri munhu akanaka here? Nokuti, “Mwari, nenyasha, vakafanokukuziva ndokukutemera kuHupenyu Husingaperi.”

199 Jesu akati, “Hakuna munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva. Uye vose vanouya kwandiri, Ndichamupa Hupenyu Husingaperi. Hakuna munhu ungavabvuta kubva muruoko rwaNgu. NdevaNgu. Vakaponeswa nekusingaperi. Ndakavawana. Hapana munhu anogona kuvabvuta kubva muruoko rwaBaba vaNgu, uye ndiVo Vanovapa kwaNdiri. Zvipo zverudo zvaNgu.”

200 “Uye vose vaAkafanoziva, Akavadana.” HaAdani chero munhu kunze kwekunge Akafanomuziva. “Vose vaAkadana,

Akavaruramisa; vose vaAkaruramisa, Akavabwinyisa.” Saka, munoono, tiri pakuzorora kwakakwana.

<sup>201</sup> Zvino, ndinoziva kuti pane vazhinji vezvemitemo pano, makumi mapfumbamwe nevapfumbamwe kubva muzana venyu. Asi, tarisai, kana mukangotora Izvi uye mukacherechedza kuti handisi kuedza kukuudzai chimwe chinhu.

<sup>202</sup> Unobva wati, “Saka, Hama Branham, ndagara ndichifunga kuti ndaifanira kuita *izvi* uye ndaifanira kuita *izvo*.” Pane mutsauko wakadaro—wakadaro pazviri, hama, zvaunofanirwa kuita nezvaunoda kuita. Wakaponeswa, kwete nekuti wainge uine chimwe chinhu chekuita nazvo. Wakaponeswa nekuti Mwari vakakuponesa nyika isati yavambwa.

<sup>203</sup> Teererei, teererei pano, Bhaibheri rakati, muna Zvakazarurwa, Ndichakutorai kubva pakutanga kusvika pokupedzisira zvino, Bhaibheri rakataura, muna Zvakazarurwa, kuti, chikara pachakauya, “Chakanyengera vose vari panyika,” chikara chakadaro, “chakanyengera vose vari panyika, vane mazita asina kunyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana,” Kubvira pakatanga rumutsiriro, zvinonzwika zvakanaka here? Zvakanaka, kubva muparidzi paakaparidza mharidzo iya ine simba? Kubvira murume uya paakapodzwa? “kubvira pakuvambwa kwenyika.”

<sup>204</sup> Jesu akaurairwa kupi, paKarivhari? Kwete, changamire. Jesu akaurayiwa nyika isati yavambwa. “Tarirai Gwayana raMwari, rakauraiwa nyika isati yavambwa.” Mwari, pakutanga, paVakaona chivi, Vakaona zvakaitika, Vakataura Shoko. Uye Jesu akauraiwa nyika isati yavambwa. Zvino munhu wose akaponeswa, akaponeswa, maererano neBhaibheri, apo Gwayana parakauraiwa mupfungwa dzaMwari, nyika isati yavambwa. Wakabatanidzwawo muruponeso ikoko. Saka uchaita sei nezvaZvo?

<sup>205</sup> NdiMwari. Ngarirumbidzwe Zita raShe! “NdiMwari vanoshanda; kwete uyo anoda kana uyo anomhanya, asi Mwari vanonzwira tsitsi.”

Kana Jesu akaurayiwa nyika isati yavambwa, zvatora makore zviuru zvina zvisati zvazonyatsoitika. Asi Mwari pavakazvitaura kumashure kuno, Shoko rose raMwari harizungunuki. Harishanduki. Harikamuki. Harigoni kukundikana. Uye Mwari pavakauraya Mwanakomana nyika isati yavambwa, Akange akangourayiwa kumashure sezvaAiva paKarivhari. Chigadzirwa chakapera, kana Mwari vataura kudaro. Uye rangarirai, pakabaiwa Gwayana, ruponeso rwako rwakabatanidzwa muchibairo, nokuti Bhaibheri rakataura kuti zita rako “Rakanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa.”

Munoti kudii nazvo? Zvino tichaitei? NdiMwari vanoratidza tsitsi. NdiMwari vakakudana. NdiMwari

vakakusarudza muna Kristu nyika isati yavambwa. Jesu akati, “Hamuna kumbobvira—hamuna kumbobvira maNdisarudza. Ndakakusarudzai. Uye ndakakuzivai, nyika isati yavambwa.” Hezvoka izvo.

<sup>206</sup> Saka, munoona, zvinobvisa kutya kubva mauri. “Oo, handizivi kana ndingaramba ndakabatirira? Ndichakunda, Mwari ngavarumbidzwe, kana ndikaramba ndakabatirira.” Hazvisi zvekuti ndinobatirira here, kana kuti kwete. Ndezvokuti Vakabata here, kana kuti kwete. Ndeizvo—izvo zvaVakaita, kwete zvandakaita. Ndeizvo zvaVakaita.

Sepasi pemurairo werudzikinuro. Ichi chinhu chidiki chandinoda kutaura ndisati ndavhara.

<sup>207</sup> Ko kana bhiza gadzi rakare rikabereka nyurusi duku? Uye nyurusi duku riya riine nzeve dzose dzakadonhera pasi. Riine maziso akapesana, nemabvi akabhendera mukati, makumbo ane mateya. Muswe waro wakanyatsomira wakatarisa mudenga. Imhuka inotaridzika zvinotyisa sei! Handiti, chero ani zvake . . . Kana kanyurusi kadiki ikako kaigona kufunga, koti, “Zvino, mirai zvishoma. Pavachabuda mumba mangwanani ano, ndiri kukuudzai, chokwadi ndicharohwa mumusoro. Nokuti, havambondipe chokudya. Tarirai kuti ndiri chinhu chinotaridzika zvinotyisa zvakadini. Handina kana mukana.”

<sup>208</sup> Saka, ndizvozvo. Hauna mukana. “Zvakanaka, ndakazvarwa munyika ino, asi tarisai pano kuti ndiri chinhu chinotaridzika zvinotyisa sei. Saka ini—ini—ini—ini handifi ndakava nemukana. Handizokundi. Handikwanise kukunda.” Maona?

<sup>209</sup> Asi ko kana amai varo vakanyatsodzidziswa mune zvemurairo? Vachati, “Mwanakomana, ndizvozvo. Hauna chimiro zvachose, uye hauna kana kukodzera kudya chikafu cheniyika. Ndizvozvo. Hauna kukodzera. Asi, mwanakomana, neimwe nzira, ndiwe dangwe rangu. Uye, unoziva, wakazvarwa pasi pekodzero yehudangwe. Uye muprisita haazombokuoni. Asi, pazita rako, panofanira kuva negwayana risina mhosva risina chipomerwa, rinofanira kufa panzvimbo yako, kuti urarame.”

<sup>210</sup> Saka, nyurusi diki riya raigona kukava zvitsitsinho zvaro rova nenguva huru yomufaro. Hazvina mutsauko wazvinoita izvo zvariri, nokuti harimboonekwi nemutongi, muprisita. Igwayana rinotariswa nomuprisita. Kwete nyurusi; gwayana!

<sup>211</sup> Uye ndiKristu anotariswa naMwari, kwete iwe. NdiKristu. Saka kana pasina mhosva maAri, pangava nemhosva sei? Angawana sei mhosva, iwe wakafa uye hupenyu hwako hwakavigwa muna Kristu kubudikidza naMwari, hwakasimbiswa neMweya Mutsvene? “Avo vakaberekwa naMwari havaiti chivi, nokuti haakwanise kutadza.” Angatadza

sei kana chibayiro chakakwana chiri panzvimbo yake? Mwari havanditarisi, Vanotarisa kuna Kristu, nekuti tiri muna Kristu.

212 Zvino, kana ndichida Kristu, ndichagara naYe. Haaizombondipinza kunze kwekunge Achiziva. Kana Mwari vakandiponesa nhasi, vachiziva kuti Vaizorasikirwa neni mavhiki matanhatu kubva nhasi, Vari kupesana nechinangwa chaVo pachaVo. Ndizvozvo. Havatombozivi ramangwana pakadaro, kana Vakandiponesa, vachiziva. Chii chaVanoda kundiponesera, vachiziva kuti Vacharasikirwa neni? Mwari havaiti zvinhu, vozochitora zvakare mumavhiki maviri, kuti vachengete vimbiso yaVo. Kana Vakakuponesa, ndezve munguva nemuna Ziyendanakuenda.

213 Zvino, unogona kunzwa manyawi, woti, “Oo, hongu, Mwari ngavarumbidzwe! Hareruya! Ndakataura nendimi. Ndakadanidzira. Ndakauwana. Hareruya!” Hazvireve kuti wakaUwana. Asi, hama, kana Chimwe chinhu chadzika zasi *kuno*, uye wakaisa hoko pana Kristu, zvino zvibereko zvoMweya zvinokutevera. Tinopupura, mweya wedu neMweya waKe, kuti tiri vanakomana nevanasikana vaMwari. Ndapota ivai naWo, shamwari.

214 Ndingakuchengetai pano husiku hwese, ndichitaura nezvazvo. NdinoZvida. Ndinokudai. Ndinodzoka kutabhenakeri ino diki, nguva nenguva, kana Mwari vakachengeta hupenyu hwangu. Ndinoda kukuonai makadzika midzi uye makamira zvakasimba muKutenda Kutsvene ikoko. Handi kukuonai muchipeperetswa kwese-kwese nekamhepo kese kedzidziso, kanouyapo, kokuzunguzai, uye nekuenderera, nekuva neropa shoma mumaoko avo, kana kachando kadiki kumeso kwavo, kana chimwewo chinhu, uye nokuona imwe mhando ye—ye—yezviedza pamberi pavo, uye imwe mhando yechinhu cheu—undini, sezvakataura Bhaibheri, “Akazvitutumadza mumoyo make, uye asina chaakaona.” Ndizvozvo chaizvo. Ndinoda kuti muve makasimba paShoko. Kana iri ZVANZI NAJEHOVHA, garai naYo, raramai naYo. Ndiyo Urimi neTumimi yezuva rino. Mwari vanoda kuti murarame naYo. Kana zvisiri muShoko, zvino kanganzwa nezvazvo. Raramirai Mwari, raramirai Kristu.

215 Uye kana mwoyo wako ukatanga kudzungaira, unoziva kuti pane chimwe chinhu chinenge chaitika, dzokera kuartari undoti, “Kristu, vandudzazve wangu. . . mufaro woruponeso rwangu. Ndipeiwo rudo rwuya rwandaimbova narwo. Rwuri kubvinza, Ishe. Pane chimwe chinhu chandakaita. Ndiitei mutsvene zvakare, ndimire. Oo Ishe, hapana chandingagona kuita. Handikwanise kusiya *ichi* uye nokusiya *icho*. Ndiri kutarisa kwaMuri kuti muchibvise mandiri, Ishe, uye ndinoKudai.”

216 Zvino wofamba uchibva paartari iyoyo, wava munhu mutsva muna Kristu Jesu. Zvino hauzofanirwe kuvimba nechechi yako, kuvimba nemuprisita wako, kuvimba nemufundisi wako.



Uri kuvimba neRopa rakadeurwa raShe Jesu. “Nenyasha wakaponeswa.”

Ngatinamatei.

<sup>217</sup> Ishe, dzidziso dzakasimba kudai! Yasvika nguva yekuti chechi ino diki itore nyama, uye ichirega mukaka weShoko. Tange takanyanyira mumukaka zvino, tichipa mwana bhodhoro rake. Asi tinofanira kuva nenyama yakasimba, nokuti zuva rava kuswadera. Nguva dzenjodzi huru dzaswadera, uye rimwezve dambudziko riri munzira. Uye tinoziva kuti hapachazombovi nenguva dziri nani. Tinoziva kuti tasvika pakuguma. Nguva dzicharamba dzichiwedzera kuipa nekuipa kusvika Jesu auya, maererano neMagwaro.

<sup>218</sup> Hatigoni kuvavimbisa chinhu muhupenyu huno. Asi muhupenyu huchauya, tinogona kuvavimbisa Hupenyu Husingaperi kubudikidza neShoko reNyu, kana vakatenda kune Mwanakomana waMwari nokuMugamuchira seYanani siro yavo, seUyo Akamira panzvimbo yavo, seUyo Akatora zvivi zvavo. Zviitei zvino.

<sup>219</sup> Dai vasingatendi vakava vatendi. Dai vanopupura kuva vechechi, pano manheru ano, vanoti vanonamata uye vachingogara muchechi, dai vagamuchira chiitiko naMwari; kuti rudo rwakadaro rwupinde mumwoyo yavo, zvokuti vanochemba nokuda kwezvivi zvavo, vofa kune zvavari, uye vozvarwa patsva neMweya Mutsvene, uye vari vanyoro uye vaine mutsa, vaine rudo, uye vazere nemufaro nemaropafadzo. Vachirama hupenyu hwakadaro, kusvikira vava munyu zvekuti vanoita kuti vanhu vakavapoteredza, vave nenyota yekufanana navo. Zviitei, Ishe, nokuti tazvikumbira muZita raKe.

Zvino nemisoro yedu yakakotamiswa.

<sup>220</sup> Handizivi, manheru ano, kana paine mumwe pano, anoti, “Hama Branham, kana ndaiyerwa muchikero chaMwari panguva iyoyo, handaifa zvachose, zvachose, ndakakwanisa kuzadzisa zvinokodzera zvamuri kutaura nezvazvo manheru ano. Ndinoda kuti mundirangarire mumunyengerero, kuti ndishandure nzira dzangu, uye Mwari vozopinda vachibvisa izvi zvisina maturo kubva mandiri vondiita Mukristu chaiye?” Ungasimudza ruoko rwako tichinamata, apo iwe, kana uchida? Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, kumashure. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

Mutsvene, Mutsvene, Mutsvene, Jehovha  
Mwari wehondo.

Denga nenyika zvizere neMi,  
Denga nenyika zviri kuKurumbidzai,  
Oo Ishe Wekumusoro-soro.

Mutsvene . . .

221 Pauri kufunga zvino, uchinamata, uchinzwa kugutsikana kuti wanga wakakanganisa, uye unoda kuva wakarurama, ungasimudza ruoko rwako here, uchiti, “Mwari, ndiitei zvandinofanira kuva”? Mwari vakuropafadze, mudzimai mudiki. “Mwari, ndiitei zvandinofanira kuva.” Mwari vakuropafadzei, hama, hanzvadzi, imi, imi, imi muri neche *apa*.

222 Zuva riri kufa. Ndinoziva zvakaoma, shamwari, asi zviri nani kuziva Chokwadi zvino. Zvino nyengeterai chinyararire.

Mutsvene, Mutsvene, Mutsvene, Jehovha  
Mwari . . .

Ivo vatsvene, voga.

. . . zvizere neMi,  
Denga nenyika zviri kuKurumbidzai,  
Oo Ishe Wekumusoro-soro.

223 Baba veKudenga, apo zuva richinyura madekwana, tumadhimba tunoungana mumiti nevadikanwi vatwo. Shiri dzose dzinoenda kumatendere adzo. Njiva dzinobhururukira pamawaya, kumusoro, kuitira kuti nyoka dzisadzinetsa husiku hwose. Dzinogara ipapo dzichirira imwe kune imwe kusvikira dzarara. Zuva pakupedzisira rinozonyura.

224 Rimwe zuva tiri kuuya kunguva iyoyo. Kuvira kwezuva kuchaitika. Handizivi kuti riinhi, Ishe. Asi pane vanhu pano manheru ano vagutsikana kuti vanga vachikanganisa, uye vanoda kuuya panzvimbo iyoyo, saLincoln akauya kwairi paakanga ave kufa, akati, “Tendeutsai chiso changu chitarise kuzuva riri kuvira.” Uye akatanga kuti, “Baba vedu Vari Kudenga.”

225 Sezvakataurwa naMoody wekare, “Ndirwo rufu here urwu? Iri ndiro zuva rangu rekupihwa korona.”

226 Oo Uyo anogara Nokusingaperi, vagamuchireiwo iko zvino, nokutenda, apo vakagara ipapo muzvigaro zvavo. Magogodza pamwoyo pavo, ipo pachigaro. Ndiyo artari yavo. Ino ndiyo nguva yokuti Muvagamuchire, iko zvino. Makati, “Uyo anouya kwaNdiri, haNdingatongomurasiri kunze.”

227 Uye rimwe zuva apo zuva rava kunyura, mudzimai kana murume akamira pedyo nemubhedha, vanachiremba vafamba vachienda. Oo Mutsvene, Mutsvene, runyararo rwuya rwakanaka, rwunotapira, zuva rave kuda kunyura. Pataigona kusimuka toti:

Kuvira kwezuva neNyeredzi yeManheru,  
Uye nekudanwa kumwe kwakajeka kwandiri!  
Uye dai pakasava nekuchema panzvimbo  
yekutongwa,  
Pandinoenda mugungwa.

228 Oo Mwari, zvipei kwavari nguva ino apo vakamirira, vachimirira kuti ropafadzo raMwari riuye pamusoro pavo.

Bvisai hasha dzose, nyika yose, kure navo, uye musike mavari mwoyo mutsva. Makati, “Ndichabvisa moyo wekare, ndoisa moyo wenyama. Uye Ndichaisa Mweya waNgu mumoyo iwoyo, uye vachafamba mumirawu yaNgu nekuchengeta mirairo yaNgu.” Nokuti, murau werudo, uye kwete webasa. Ndewe rudo. Uye rudo rwunotimanikidza kuti tizviite. Ibasa rerudo, kutimanikidza. Ibasa redu kutevera rudo. Uye ndinonamata, Mwari, kuti Muzvipe kumoyo wese wasimudza ruoko rwavo manheru ano.

<sup>229</sup> Uye avo vasina kusimudza ruoko rwavo, dai ivo zvino, nenyasha, vasimudza maoko avo kuti vaKugamuchirei, uye vazadzwe neMweya weNyu mune ino nzira nyoro, inotapira, yakanyarara, yakaninipa; uye vazare nenyasha, ozobuda muno semunhu ahandurwa. Kuti shiri dzichaimba zvakasiyana sei, kuti munhu wese achange akasiyana sei, mushure menguva ino, O Ishe Vekumusoro-soro.

Mutsvene, Mutsvene, Mutsvene, Jehovha  
Mwari wenyika.  
Denga nenyika zvizere neMi,  
Denga nenyika zviri kuKurumbidzai,  
Oo Ishe Vekumusoro-soro.

<sup>230</sup> Imi zvino nemisoro yenyu yakakotamiswa, imi masimudza maoko enyu kuti murangarirwe mumunamato, unonzwa here sekunge kuti Mwari vataura newe nenzira yokuti zvino, kwete nemanyawi, asi chingori chimwe chinhu chiri pakadzika-dzika mauri, unonzwa sokunge kuti Mwari vakupa Hupenyu Husingaperi? Unonzwa here sekunge uri kubuda muchechi manheru ano semunhu akasiyana? Ungasimudzewo here maoko ako zvakare manheru ano? Mwari vakuropafadze, mwanakomana. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo chaizvo. “Ndichabva muchechi ino, manheru ano, ndava munhu mutsva.” Vacheche vachangozvarwa muHumambo hwaMwari.

<sup>231</sup> Chii chaitika? Ndinoziva kuti hurongwa hwekuuya kuartari. Iartari yechiMethodisti, hurongwa hwechiMethodisti, ndinoreva. Hwakatangwa muchechi yeMethodisti, mumazuva aJohn Wesley. Hauna kumbovepo mumazuva eBhaibheri. “Sehuwandu hweavo vakatenda vakawedzerwa kuChechi.” Unogona kutenda chero kwaunenge uri, kunze mumunda, kunze mumugwagwa, chero kupi zvako. Chero kupi zvako, hanpana mutsauko wazvinoita, chero bedzi uchigamuchira Kristu seMuponesi wako. Kuita kweMweya Mutsvene kunouya mumoyo mako. Kana ukaMutenda, ukaMugamuchira, wapfuura kubva murufu uchipinda muHupenyu, zvino munova zvisikwa zvitva muna Kristu Jesu.

Musandipfuure, Oo Muponesi munyoro,  
Zvino simukai netsoka dzenyu.

. . . kuchema kwangu kwakaninipa;  
PaMunenge muchidaidza vamwe,  
Musandipfuure.


<sup>232</sup> Zvino ndinoda murume wechidiki nemudzimai, wandinoona kuti mudzimai wake, asimudza ruoko rwake, ndinoda kuti usimudze ruoko rwako zvakare kumashure uko; mwanakomana, akapfeka jasi dzvuku, uye nemudzimai, kuti vagamuchira Kristu seMuponesi wavo. Murume wechidiki agere pano muwiricheya, agamuchira Kristu seMuponesi wake, anzwa kuti Mwari vamuponesa. Uye nevamwe kumashure uko masimudza maoko enyu, asimudzei zvakare kuitira kuti vanhu vagotarisa, vova nokuyanana nemi.

<sup>233</sup> Vakwazisei ruoko, mumwe munhu aripo, akamira pedyo navo. Iti, “Mwari vakuropafadzei. Tikugamuchirei muHumambo hwaMwari, hama yangu, hanzvadzi yangu.” Kuyanana, ndiko kwatinoda. Mwari vakuropafadzei. . . Kwazisanai maoko nemujaya ari pano pachigaro. Ishe ngavave naye. Ndizvozvo chaizvo. Tinokugamuchirai mukuyanana kweMweya Mutsvene.

<sup>234</sup> Kana wanga usati wambobhabhatidzwa nazvino, uye uchida kubhabhatidzwa, huya kumusoro kuno ugoudza mufundisi nezvazvo. Chidziva chiri pano chitori nemvura machiri, manheru ano, kana uchida kubhabhatidzwa. Zvese zvakagadzirirwa. (Mambove nerubhabhatidzo here, zvakadaro?) Asi chidziva chakagadzirira, kana paine anoda kubhabhatidzwa. Bhaibheri rakati, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti chipikirwa ndechenyu navana venyu, avo vari kure, navose vachazodanwa naShe Mwari wedu.”

<sup>235</sup> MunoMuda here? Simudzai maoko enyu. Oo, haAshamise here? Muri kunakidzwa zvakadini neBhuku iri raVaHebheru? MunoRida here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Hongu. Zvakanakisa kwazvo. Zvino, Rinogadzirisa. Oo, Rakakwasharara uye Rakatwasuka, asi tinozvida izvozvo. Ndiyo nzira yatinoda kuva naRo. HatingamboRida neimwe hayo nzira.

<sup>236</sup> Zvino, unotenda here kuti Pauro ane mvumo yekuRiparidza saizvozvo? Pauro akati, “Kana Mutumwa akauya akaparidza rimwe vhangeri, ngaave wakatukwa.” Ndizvo here? Saka tinoMuda nemoyo yedu yese.

<sup>237</sup> Zvino ndichakumbira mufudzi kuti vauye pano kwechinguvana, hama yedu yakakosha zvikuru, Hama Neville, uye vachange vaine shoko ravanokuudzai. Uye zvino, kana Ishe vachitendera, tichakuonai Chitatu manheru, uye toita hurongwa hwekuenda kwaHama Graham Snelling kuhusiku hweungano. Uye zvakare kuparidza pano kuchapfuurira mberi nechitsauko 7 ne 8, manheru eChitatu chino chiri kuuya. Hama Neville. 

*VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHINOMWE* <sup>1</sup> SHO57-0915E  
(Hebrews, Chapter Seven <sup>1</sup>)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Gunyana 15, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)